ҚК.2
Ә24
8кл

15

ОРАЗБАЙ ӘБДИРАХМАНОВ



# Бир муҳаббат тарийхы

**Книга должна быть возвращена не позже указанного здесь срока**

| Количество предыдущих выдач ______ | |
| --- | --- |
| | |

ҚҚ2
Ә24
8кл

ОРАЗБАЙ ӘБДИРАХМАНОВ

# Бир муҳаббат тарийхы



сатиралық гүрриңлер

18027
MA'LİMLEME RESURS ORAYI
ХР02
ХР10
126206
ККАССР Республиканск. детская библиотека

«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН» БАСПАСЫ
НӨКИС—1978

ҚҚ
А...

3703040100
М—357 (06)—78

Оразбай Әбдирахманов жас талант ийелериниң бири. Оның прозалық шығармалары газета-журналларда тез-тез дағазаланып турады. Китап оқыўшылары оны журналист ҳәм жас прозаик сыпатында таныйды.

«Бир муҳаббат тарийхы» сатиралық гүррицлер жыйнағы автордың туңғыш мийнети. Бунда турмыслық ўақыялар қызықлы сюжет, шебер композициялық бирликте бериледи.

© «Қарақалпақстан» баспасы, 1978

## ГӘПКЕ ҚАЙЫМ АДАМ

Мәкемеде күн ара жыйналыс.

—Жолдаслар!—деп, баслады сөзин баслық,—план деген нәрсе сизлерге ойыншық емес. Оны қолтығыңа қойып көпшиктей жамбаслап жата алмайсаң. Жумыс ислеў керек, жумыс! Қәне, басқармамыздың планына ким қандай үлес қосып атыр? Мине, айтайық Таўмырат Жаўмуратович. Тур орныңнан!

Орта бойлы, үлкейтип көрсететуғын көз әйнек таққан жигит орнынан пәрўйы-пәнсери турды.

—Сен план деген нәрсени билесең бе? Сен техника қәўипсизлиги инженерисең, жергиликли комитет баслығысаң, ҳаял-қызлар советиниң ағзасысаң, «Көзди ашып жумғанша» атлы дийўалы газетаның редакторысаң. Қәне, сен планды орынлаўға қандай үлес қосып атырсаң?

Баслық Таўмураттан жуўап күтти.

—Ҳмм, жолдаслар!—деди Таўмырат салмақлы сөз бенен, —ҳәзирше ҳәммениң бас-көзи аман. Ҳешкимниң басына жазатайым гербиш түсип кеткен жоқ. Рабочийлар техника қәўипсизлигиниң қағыйдаларын толық билип алғанлықтан бахытсыз ҳәдийселердиң алдын алыпбақта...

—Өйтип бийкар сөйлеме, қоңсым,—деп аўзынан сөзин жулып алды мурты ҳәррийген бухгалтер,—түнәў күни автобустың алдыңғы есигинен минип атырғанымда, ҳә қапы сиресип қыстыма—де. Жуп қабырғам пы-

тыр-пытыр ете қалды. Қәне, сениң техника қәўипсизлигиң. Мына бүйирим елеге дейин қозғалтпай жүр.

—Таўмырат, биротала айтып болсын,—деп баслық иркип таслады, жәнеде сөйлемекши болып аўзын қайымластырып киятырғанларды.

—Жергиликли комитет өндирис алдыңғыларына курортларға мутлай жоллама берип атыр,—дей бергени Таўмыраттың даўысын гүрилдеген сес басып кетти.

—Сен қаяқтағы бир курортқа жолламаның басын аўыртып жүргенше, алды бурын бизиң еки баланы бақшаға орналастыр,—деди қарны алдыңғы столды көтерип кететуғын болғанлықтан орнынан турмаған склад баслығы.

—Тыныш!—деди баслық.

—Мәкемемиздиң ҳаял-қызлар совети планды орынлаўға бар күшин салмақта. Сизлерге мына табысларымды айтпай кете алмайман. Өткен жылы мәкемемиз бойынша ерлер менен ҳаяллардың ажырасыўы көп болған болса, быйыл үйлениў ажырасыўдан анағурлым артық болды. Демек, мәкемемиздиң хызметкерлери арасында татыў семьялар көбеймекте...

Бирден жыйналыстың арасынан сыңсыған сес шықты. Ҳәмме көз жасы көл болған баслықтың секретарь қызына жалт қарасты. Секретарь қыз солығын басып:

—Сениң жаңағы айтқан сөзлериң ырас болса, баслығымыздың бурынғы шоферы мени неге алдап таслап кетеди? Мен буны өз ўақтында ҳаял-қызлар советиниң ағзасы иретинде өзиңе мәлимлеген едим. Сен хеш шара қоллана алмадың.

—Яқшы, Галочка, ол ақмақ пенен өзим сөйлесип қояман,—деди баслық,—ҳәзир Таўмырат сөзин даўам етсин.

—«Көзди ашып —жумғанша» деген дийўалы ғазетамыз айына бир мәртебе шығып, өндирислик планымызды орынлаўға кесент берип киятырған базы биреўлерди аш бүйирден түйремекте. Мысалы ушын, ке-

йинги санында шыққан «Уйықлап қалма» деген бас мақалада қараўыл ғарры Бекберген атаны қатырып қойып критикаладық. Ал, қәдимги уборшицамыз Гүлим апаны, болса, баслықтың столында отырғызып шимишке шаққандағы сүўретин салдық.

Жыйналысқа топа-торыстан келип қалып, есик бетте отырған Гүлим кемпир шаў ете қалды:

—Өйппей, маңлайым, мениң сүўретимди салып, гүлли гүнаға батырып қәйтеди? Шимишкиси неси? Ҳәзир шимишки түўе, жумсақ нанды шайға басып жеп жүрмен. Сен нағыз сүўретши болсаң, ана ырастан шимишке шағып отыратуғын баслықтың есигиниң алдында қуўыршақтай қыздың сүўретин неге салмайсаң? Столдың астынан ҳәр күни шимишкениң қабығын етеклеп алып таслайман. Аўзымда бир тисим жоқ, мен қәйтип шимишке шағаман? Күшиң бизлер қусаған пақыр-пуқарага ғана жетеди екен дә...

Таўмурат пәрўайыланып, сөзимди таўыстым—дегендей столга отырды.

—Және кимде қандай пикир бар?

—Менде,—деп орнынан турды, бас инженер,—Хабарыңыз бар, кеше участкаларға әжже (алебастр) әкелинди. Сол алебастр ушын машын жиберер алдынан Таўмыратты шақырып алып, «ҳаўа райын» сорадым. Ол «қуяш жарқырап тур» деди. Мен алебастрды ашық майданға төктирдим. Ал, бүгин түни менен жаўын нөсерлеп қуйды. Азанда қарасам алебастрымыз шақырлап қатып атыр. Енди буған ким жуўапкер? Әлбетте, Таўмырат Жаўмуратович! Өйткени, ол жаўын болатуғынын радиодан еситип турып, билқастан алебастрды ашық майданга төктирди. Мен Таўмыратқа шара қолланыўын талап етемен.

Ортаға бригадир шықты:

—Бизиң бригадага жақында жаңадан бир бала келген еди. Мине, еки ай болды, ол, ушты күйди жоқ, жумысқа келмей қойды. Кеше ҳәпте базарда көрсем:

«Гербиш өриў қәуипли екен, мен ислемеймен» дейди. Ол, яғный жас кадр, не ушын өндиристи таслап кетти? Буның себеби бар. Оны Таўмурат жумысқа кирерде, «сақ бол қәпелимде төбеден қулаған гербиш, басыңа түспесин, абайла, я аяғың зәмбердиң астында қалып қоймасын»—деп қорқытқан қусайды. Бийшараның жан-ийманын алған соң, ол қалай ислесин? Мениң бригадамының планды орынламай атырғанына тиккелей айыпкер Таўмыраттан басқа адам емес. Қашан көрсең «ал бир нәрсе болып қалмаса екен?» деп жүргени.

Жыйналыс узақ даўам етип, әдеттегидей тамам болды. Әдеттегидей дегенимиз Таўмыратқа ең соңғы ескертиў бериў менен жыйналыс қарары шықты. Таўмурат жыйналыстан соң жалғыз өзи залда отырып, ойланып қалды. Усы нешинши ескертиў еди? Та—а—қ отыз—тоғызыншы шығар-аў шамасы! Үш адамның басы қосылған жыйналыстан Таўмурат қуры алақан қалып атырған жоқ. Қапылғанда бир аўыз сөгис алып қайтады. Ол сөгиске де, қарғысқа да әбден үйренди. Кәрине де келтирип отырмайды. Әзелден көп сөйлемейтуғын пейили басында гүзе сынса да, иллә деп аўзын ашпайды. Бирақ, бүгинги жыйналыс шымбайына аўыр ланбаса, жаман атқа мен қаламан, план орынланса, қалғанына жалғыз өзи айыпланып отыр.

Бул қалай?—деп ойлады ол ишинен. План орынланбаса, жаман атқа мен қаламан, план орынланса, абырайдың бәрин баслық алады. Я план деген нәрсениң қолым менен шөмишин сапырып отырғаным жоқ. Маған не, соншама азап-ақыретке қалып? Ол көз әйнегин орамалы менен сыпырды ҳәм бирден:

—Яқ, мен енди артықша шыдай алмайман. Дәрҳал арзамды жазып, жумыстан шығып кетемен,—деди даўысын шығарып.

Ол бир бет ақ қағазға шыжбайлап жазды да «баслық» деп жазылған есикке сүңгиди. Дым үндеместен

арзаны оның столына қойып, зиңирейип турып қалды. Баслық Таўмыраттың қағазын дыққат пенен оқып, мырс, етип мыйығынан күлди де орнынан өрре турып, столын жудырығы менен урып қалды:

—Ақмақ, еркек гeширдей ақмақ! Қудай дүньядағы барлық ақмақшылықты бир қосыўыслап алып, сени жаратқан,—деди ғәзеп пенен.

—Жасы үлкен,—деп қамсықты. Таўмырат. —Мен сизди паналап, усы мәкемеге келе қойып едим. Енди не бәле болса да, ҳәммеңиз айланып келип маған тийисе бересиз. Жыйналыс қалдырмай жаманлайсыз, сөгис бересиз.

—Әне, қошшым ақмақлығың. Ен жақын адамыма «тентек» деп бақырсам, баўырыма тартып ақыл берсем, басқаларға абай етиў ушын «ешек» деп шақырсам, енди сениң не әрманың бар? Мен сени өзимниң туўысқан инимнен артық санап жүриппен-аў!...—деп баслықтың да көўили бузылды. Ол орамалы менен көзлерин сыпырып мурнын тартты.

—Яқ иним, мен сени жумыстан босата алмайман. Берман жақынырақ кел, саған ишки сырымды айтайын. Мен бар ғой, қошшым, сендей ўақтымда күшигимде таланып, сиркем суў көтермейтуғын болып қалғанман. Биреўдиң азар бериўине сирә шыдамайман. Сен еле жассаң. Жасы үлкенниң кейисин еситпей, адам болмайсаң. Мына қурылыс дегенди саған қарағанда зәрре жақсырақ түсинемен. Әлбетте, кемшиликсиз жумыс болмайды. Бирақ иним, ашығын айтқанда, мен сенсиз бул жерде кес геллемди ислей алмайман. Түсиндиң бе, ислей алмайман.

—Ҳаў,—деп ҳайран қалды Таўмырат өз қулағына исениңкиремей.

—Солай, иним. Сен кетсең мен кимге арқа сүйеймен. Қурылыстың бәрқулла бир жағы бығып жатады. Оған әлле ким жуўап бериўи керек. Мениң үстимнен биреўлер жоқарыға шағым етеди. Оған да жуўап бе-

риў керек. Ал, жыйналыс өткермесең, жәнe болмайды. Әлбетте, жыйналыста қойылатуғын мәселени де ойлап табыў керек. Жаўын жаўып, қурылыс материаллары бүлинип қалады. Жәнe жуўапкершилик.

—Дурыс, сен тек техника қәўипсизлигине ғана жуўапкерлисең. Бирақ иним, саған барлық жәмийетлик жумысларды бийкарға тапсырып қойғаным жоқ. Жумыс басты болып шынықсын, писсин деймен. Ал, сонда мәкемемиздеги кемшиликлер ушын кимге урысайын? Саған жол силтеп, сени сөгип турмасам, ағалық ўазыйпамның қайда қалғаны?

Баслықтың сөзлери Таўмыратты елжиретип жиберди. Ол арзасын қайтып алды да, мыжырықлап таслады.

—Жасы үлкен, онда мен ислей берейин бе?—деди столдан қашықласып.

—Әлбетте, қошшым ислейсең. Бирақ, сен сөгиске ескертиўге, улыўма алғанда гәпке сирә итибар берме. Мениң айтқанларым сениң мына қулағыңнан кирип, ана қулағыңнан шығып кетсин. Яқшы ма?...Айтпақшы ертең саат үште жыйналыс, сениң мәселеңди қараймыз.

—Болады аға, болады. Мен қайылман,—деди Таўмырат ҳәм ол шығып кетти.

## БОТИНКА

Отырыспаға шақырылған адамлар түўел келди. Аўқат жеди, басқыласты, тос айтысты. Кишигиримлеў мерекениң ийеси Қабыл Салиевичтиң қызарған жүзинен, бар ҳүжданы менен ғарқылдаўынан кеўлиниң толғаны сезилип тур. Искеклериниң түйеден түймесине шекем қатнасып отырған соң, оның не әрманы болсын?! Ҳәтте, бәрқулла кешигиңкиреп жүретуғын баслығы Әмет Әлиевтиң әйне ўақтында келиўи Қабыл Салиевичти шектен тыс шадландырып жиберген еди.

Қонақлар өзи қайттыға тойып, биримлеп тарқаса баслады. Олардың қайта-қайта кекириўлерине қарағанда қонақ жайда ишимлик ҳәм аўқат мол болды деп есаплаўға болатуғын еди. Әмет Әлиевичти шығарып салыўға пүткил отыспақ жәмәәти орнынан турып, дәлизге ығысты. Биреў плашын кийгизди.

Далада бәҳәрдиң силпилемей жамғыры жаўып тур еди. Әмет Әлиевич хошласарда Қабыл Салиевичти баўырына басып, қуштарлана сүйди де, басқаларға қол ушын ғана берип машинаға отырды.

Әмет Әлиевич отырыспақтың барлық қызығын өзи менен бирге алып кеткендей, кейин қалған адамлар жазылысып отыраса алмай, үйли-үйине дағысты.

Қабыл Салиевич дәстурханды таң атқан соң жыйнарсаң деп Ҳәрнегүл жеңгейди ишки өжиреге баслап кирди де:

—Қәне мениң дәптеримди ал!—деп буйырды. Жеңгей қалың қоңыр дәптерди әкелди. Қабыл Сәлиевич көз әйнегин тағып, сыртына «Мениң қыймас досларым» деп жазылған бетти муқыятлап оқыўға киристи. Ол ишинен оқый алмайтуғын еди.

— Так.. биринши Әмет Әлиевич келди, бас бухгалтер Сабыр Каримович, планластырыў бөлиминиң баслығы, бас инженер еки бастан келди. Қулласы мәкемемиздиң жер басып жүрген адамының барлығы қатнасыпты....Ҳаў, мыналар қайда жүр? Кеңсениң қараўылы Сағый ғаррыны көрдиң бе, апасы?—деп сорады ол жеңгейден.

Жеңгей еснеп, басын шайқады.

—Барысып, келисип отырған қоңсы болып турып, келмей қалғаны ма, зәңғардың? «Арық малды асырасаң аўзы-мурныңды май етер, арық адамды асырасаң, аўзы-мурныңды қан етер» деген дурыс екен-аў. Оны өзим ортаға түсип, жумысқа алдырып едим. Бүгинлигинде тойынған сыяқлы...

Қабыл Салиевич ашыўын қәлеминен алды. Ол дәптердиң «Мениң қыймас досларым» деген бетиндеги Сағый ғаррының атын аямай сызып таслады.

Усы ашыўы оның күни мененги шағал-мәслигиниң шылпәршесин шығарып отырған жеринде бир қапталлап уйықлатып таслады...

Азанда оянып далаға шығайын десе, өзиниң үйде кийетуғын галошы табылмады. Әри қарады, бери қарады, жеңгейден сорады, ушты-күйди жоқ. Галоштың орнына сарғыш сур ирeңли ботинка турыпты.

Буны ким қалдырып кеткен екен? Дәрҳал Қабыл Салиевичтиң есине Әмет Әлиевич түсти. Буннан бир ҳәпте бурын кеңсеге кийип келген ботинкасы ғой мынаў.

Қабыл Салиевич бети-қолын шала-пула жуўынды да ботинканы газетаға орап, жолға түсти.

Әмет Әлиевичтиң есиги ярым саатларда зорға ашылды.

—Кеше бар ғой, бизлер тарқасқанда, жаўын жаўған екен-аў. Үйдиң есигин қағып турсам, аяғыма муздай тийебереди, қарасам жалаң аяқ жүриппен. Жеңгей шықты.

—Ассалаўма әлейкум, жеңге!—деди Қабыл Салиевич қирәәт пенен сөйлеп.

—Не жумыс пенен келдиң?—деп жеңгей керилип еснеди.

—Мына бир арзымаған нәрсе, мына Әмет Әлиевичтиң шарапатлы қәдеми тийген бизиң үйде ботинкасы аўмасып кетипти. Соны әкелип едим.

—Не дейди?

—Мына бир ботинка,—деди Қабыл Салиевич жеңгейдиң пәтинен қорқып.

—Ҳм.. бизиң қара басқыр сизиң үйде ме еди?—деди жеңгей қәҳәри жүзине атлығып.

—Я-яқ, а-аўа,—деп Қабыл Салиевич тутлықты.

—Сен ақмақ, Әмет Әлиевичти ким деп ойлайсаң? Ол не бир көринген жерде кийимин таслап кете беретуғын бала ма? Сизлерге ойыншыққа айланып баратыр екен ғой, баслық деген. Жоғал, көзиме көринбе?—деп жеңгей жекиринип жиберди.

Қабыл Салиевичтиң ҳүрейи ушқанлықтан үйине сүйретиле қайтты. «Енди барлығы тамам, жумыстан қуўылдым» деп ойлады ол,—жеңгейдиң минези әзелден мәлим, Әмет Әлиевичтиң еки аяғын бир етикке тығып жибереди.

Ол азанғы чайын немқурайдылаў ишти де, жумысқа келди.

Бахтыңа қара, Әмет Әлиевич ҳеш жерде ҳеш нәрсе болмағандай мыйық тартып, қарсы алып тур. Дәлкеклесип те қояды.

—Ўай, ўай, Қабыл Салиевич, кеше жүдә басты гүўлетипсең. Өзиң қалай, мийиң дүзелди ме?

—Шүкир, жазылып киятыр.

Уаҳ-ҳа-ҳа!

Екеўи қосыла күлисти.

—Бирақ, сизиң үйден аяғыма бир нәрсе илдирип шыққандай болып едим, ол да жоқ. Кейин шоферымның ботинкасын сорап кийип, үйге кирдим. Жеңгең. бала түк сезген жоқ.

Қабыл Салиевич қызарып кетти, соң:

—Азанда мен ботинканы қағазға орап үйиңизге апарып едим. Жеңгей ҳеш сезбеген екен дә, мен сездирип қойдым.

—Әй, зыяны жоқ,—деди Әмет Әлиевич,—бирақ Қабыл Салиевич, ендиги рет мениң ботинкам түўе, өзим бир жерде қалып қойсам да, жеңгеңе апарма? Яқшы ма?! Апарсаң да, көрсетпей апар! Түсиндиң бе?

Қабыл Салиевич басын ийзеп, суўық демин алды да қойды.

## ӘЗӘЗҮЛ

Сыпада чай ишип отыр едим, тарғыл пышығым шарбақтың дийўалының аржағынан ылақтырылып, пәлпәллеп алдыма түсти. Мяў! Жәниўарды аяғанымнан арқасынан сыйпаладым. Дийўалдан Әйтенниң геллеси сығалады. Ол мениң жан қоңсым. Бирақ, усы сапар жүзинен ғәзеп жаўып тур екен.

—Қоңсы,—деди ол даўсы дирилдеп,—сениң сүўмақай пышығың бизиң холодильниктеги гөшти жеп кетипти.

—Қалай,—деди ол даўысы дирилдеп,—сениң сүўмақай пышығың бизиң холодильниктеги гөшти жеп типти.

—Қалай? Қалайынша ол холодильникти ашты екен? —дедим ҳайран болып.

—Олла-билла, өз көзим менен көрдим. Әстен холодильникти қақпағының тутқышынан тартып ашты да, тарелкадағы қам гөшти асап-асап жеп, мен жетип барған ўақтымда, ернин жалап зып берди. Жынаят кодексиниң аты менен ант етемен, пышығың тек ғана уры емес, ал басқыншы! Себеби, көз-көреки урлық,—басқыншылыққа жатады. Түсиндиң бе? Егер пышығыңның орнында өзиң болғанда креминде бес жылға сотлатар едим.

—Әстаўпырла-әстаўпырла,—деўге ғана тилим ғүрмелди. Кеширим сораўыма үлгермей-ақ Әйтен дийўалдан басын тартып алды. Оның бир ўақытлары прокурордың машынын айдағанын билетуғын едим.

Ол бир заматтан соң есиктен кирип келди. Орнымнан өрре турып, қолынан алдым.

—Қоңсы,—деди ол ашыўы тарқамай,—пышығыңды қатаң жазалаўды талап етемен.

—Қалайынша жазалаймыз?

—Ийтке тасла!

—Яқшы,—дедим илажсыз оның айтқанына көнип. Сөздиң бағдарын бурыў ушын, бала-шағасының аманлығын сорадым.

—Шатақ, достым шатақ,—деп ол сыпаға жайласып, сөзин даўам етти,—мен енди ҳаялым менен келисип отырмайман (Ҳаялынан ажырасыпты деп еситкен едим). Бетин даланың самалынан басқа жан сүймеген жабанның қызын аламан. Билесең бе, жабанның қызлары зор болады.

—Анаў ҳаялыңда жабаннан емеспе еди?

—Жабаннан ғой, бирақ қалаға үйренисип кеткен.

—Закон жас қызды алдырмайды ғой.

—Пай, сен де бир. Прокурордың машынын бес жыл бийкарға айдадық па. Билемиз дә, законыңды оқығанбыз.

Мен Әйтенге иймандай исенемен. Ол жети өлшеп бир кесетуғын, турмыстың ашшысын түкирип таслап, душшысын жутып жүрген кең көкирек азамат ғой. Еки сөзиниң биринде «закон», «кодекс», «жынаят», «кассация», «аппеляция» қусаған сөзлерди келтиреди.

...Өз-өзимнен йошып, ыңылдап киятыр едим. Әйтен дусласты. Аманлық есенликтен соң, ол қулағыма:

—Саған бир сыр айтайын ба?—деп сыбырлады.

—Айта ғой.

—Ҳаялың туў ана мектепте муғаллим бе?—деди ол даўысын еледе пәсейтип.

— Аўа, не қылыпты?

—Ҳм, демек муғаллим? Так, муғаллим,—деди ол

әлленәрсени умытқандай.—Сен билесең бе, онышшы класста қандай жигитлердиң оқыйтуғынын?

—Ал.

—Ҳәр қайсысы бир хожалықты меңгеретуғын, дырдай жигитлер оқыйды. Қәне, сен ҳаялыңның солардың биреўи менен ымжымы жоқ деп судта кепиллик бере аласаңба?

Алла-жалла,—дедим төбе шашым тик турып.

—Демек, кепиллик бере алмайсаң,—деди Әйтен сөзин тәкирарлап,—ҳаялыңды дүньяда тек Джульетта менен салыстырғың келеди. Ох, ақ көкирек бийшара! Ҳаяллардың қандай сум болатуғынын билмейсең еле. Билгениңде бүйтип қоймас едиң.

—Қәйтип?

—Законда бузақылық ҳаққында қаншадан-қанша статьялар бар. Биреўи болмаса биреўине илдирип жиберер едиң.

—Дәлийил жоқ ғой?

—Дәлийл сол, сен бир ақыллы геллең менен тереңирек ойланып көр. Үйиңде ҳаялың екеўиң күнине неше саттай бирге боласыз?

—Онлаған саттай.

—Ал бир суткада жигирма төрт саат бар екенин билесең ғой.

Өз-өзимнен ҳаялыма шубҳалана басладым. Әўелден неге усыны ойлап көрмедиң? Ырасында да күнине он саттай бирге болсақ, қалған ўақытта ҳаялым қаяқта болады?

Әйтен жол-жөнекей сөзин даўам етти.

—Сизлердиң қосылғаныңызға неше жыл болды?

—Үш жылдай,—дедим ойларым он бөлек болып.

—Үш жыл!—деп шоршып түсти Әйтен,—сениң ҳаялың бизиң бурынғы шабаздай қалаға үйренисип кеткен екен.

—Ҳаў!

—Не ҳаўы бар? Кеше ғана ҳаялыңның мурты тап

берип киятырған бир жигит пенен қолтықласып жүргенин көрдим. Ара-тура бир-бирине сүйкенисип қояды.

—Олла—де!

—Олла-билла! Инанбасаң қатыныңнан сора.

Мениң тула бойым шимиркенип кетти. Үйге келесала ҳаялымды асып атырған қазаны менен қоса бир тептим.

—Айт, қәне, өләдзина! Кеше мектептен қандай жигит пенен қолтықласып қайттың?! —дедим бууылығып.

—Әширбайдың баласы менен,—деп гүңкилдеди ҳаялым.

—Ким Әширбай?

—Ана, арғы көшедеги домкомше? Соның жетинши класста оқыйтуғын баласы жолда батпаққа тайып жығылыпты. Үйине дейин сүйеп апардым. «Миңгирлеп сөйлеген қатын оңбайды,—дейтуғын еди, Әйтен, қара мынаның миңгирлеүин. Мениң тезирек ажырасқым келди.

Деген менен жүрек қурғыр жаман екен. Туңғыш муҳаббат, тағы басқалар...Әйтеннен кеңес сорадым.

—Ап-аңсат,—деди ол өз қолы менен бизлерди ажыратып қоятуғындай, —бир нәрсени сылтаулап ҳаялың менен кейис. Бирақ сен күш жумсап жүрме. Қай жерде де қатынның сөзин сөйлейди. Ешейинде өзиң судланып кетерсең. Тек аз ғана кейисең болды, қалғанын өзим келистиремен.

Мен кешке жақын жүз граммды ишип алып, өтирикке, мәс болып үйге келдим. Ҳаялым аўқат писирип атыр екен. Қәне, енди урысыуға бәне табылса. Ыссы сорпа әкелинди. Дузы өткирлеў ме, қалай-қалай? Әне, сылтаў.

—Қатын!—деп бақырдым оған,—онша дуз салып, менде алалмай жүргне өшиң бар ма еди?!

—Қойшы қаяқтағыны айтпай. Дузы бабында гой,—деди ҳаялым сорпадан уртлап көрип. Мен сөз таба алмай қалдым. Бир ўақытлары телевизордың экраны быжылдап кетти.

—Қатын, мынаў не қылғаның?
—Неўе?
—Көзиң соқырма, қара телевизорға! Мен жоқта бузыпсаң ғой.
—Телевизорыңның тандыры шыққай. Қасына жақынласам кешке,—деди ҳаялым ашыўланыңқырап. Маған да кереги сол еди.
—Не дедиң, қайтарып айт! Телевизордың қарғысқа ушырағандай не жазығы бар?!,—деп жамбаслап атырған көпшигимди ылақтырдым. Ол үндеместен далаға шығып кетти...
Ертеңине Әйтенге жолықтым. Екеўимиз судқа төмендеги мазмунда арза жазып бардық. «Ҳаялым—бийопа. Мен жумыста жүргенимде үйге әллекимлерди ертип келип, ойын-заўық қурған, сөйтип телевизорды бузған. Ҳәзир телевизорым Нөкистен быжырлап көрсетеди. Буннан басқа да оның қастыянлығы көп. Мысалы: маған аўқатқа дузды көп салып береди. Сондағы мақсети: мени тезирек қартайтып, жасырақ жигитлерге қол салыў деп ойлайман. Жазғанларымның дурыслығына жан қоңсым,—тири гүўа. Әйтен Тайлақов кепиллик береди». Әйтенниң судтағы таныстарының жәрдеминде ҳаялымнан ап-аңсат ажырастым. Жүрегим айралық дәртинен шылпәрше болды.
— Ҳеш гәп,—деп жубатты Әйтен,—жүзин жабаңның самалынан басқа жан сүймеген арыў табасаң еле.
Оның сөзлерине кеўлим сәл-пәл жибискендей болды.
...Арадан көп жыллар өтти.
Кешеги екшемби ҳәпте базарда Әйтенди сыртынан көрип қалдым. Қолында қундақ, қолтығында бизин бурынғы ҳаял. Әйтен ара-тура қундаққа мойнын созып, «айнанайын-айнанайын» деп баратыр.
Екеўиде мени бул өмирде көрмегендей қапталымнан бурылып кетти.

126706 1802 ККАССР

## ОРЫНЛЫ ӨТИНИШЛЕРИМ

Ассалаўма әлейкум, уллы мәртебели Өмирбек аға! Сизге узыннан узақ хатымды жазғанымның мәнисиң кеўилшек иниңниң жүреги силкинип кеткенликтен деп билгейсиз. Мен аңа барғой... ана... қатын алмақшыман, дурысырағы хожалық, қурмақшыман... «Оның несин маған айтып отырыпсаң»,—деўиңиз мүмкин. Шертектей шөгирмеге зорга сыйып турған басыңыз бенен-ақ ойлап көриң, арзы-ҳалымды сизден басқа ким тыңлайды?

Сизиң тәрийпиңиз дүньяның төрт тәрепине теңдей мәлим. Қатар-қурбыларың, жора-жолдасларың, қала берсе мәзи «салаўмалейкумлериң» жүдә көп. Сиз оларды бир-биринен ажырата алмай, ғабырыстырып жүрсеңизде, олар сизди жақсы таныйды. Өзиңиз билесизғой, қәтересиз базардан бир атым насыбайда ала алмайсыз. Сонлықтанда, сизиң мийрим-шәпәәтиңиз тийерме деп, тиккелей хат жазып отырман. Бул хатымды өзиңиздиң атыңызға жазылған арза деп түсинсеңиз де шеп болмас еди.

Усы арзам арқалы сизиң көлеңкеңизде биреўге өкпе-гийнемиз жоқлығын мәлим етпекшимен. Мениң арзам тәризинде жазылған бул хатымның қубла шетине «орынлаў керек» деп шарапатлы қолыңызды қойып берсеңиз, Сизди төбемизге көтериў бизге қарыз ҳәм парыз.

Өмирбек аға, енди өзимди таныстырып өтейин.

Қудайдың қутлы күни парктиң ортасында қолына гүл услап, қоңыраў балақ шалбар кийип, арман-берман жүрген жиғит дуўшакерлесетуғын шығар, сол мен боламан. Мен бир қыз бенен ушырасыўға күнде ўәделесемен, ол келмейди. Себебин жеңгелеринен сорастырып көрсем, парк сырдандай майдан ғой, қула дүзде қыз бенен ушырасыўға болама? Биреў-миреўдиң көзи түспейтуғын панарақ жерге шақырсаңшы,— дейди олар...

... Мениң айтажағым бул емес еди. Гәпти бурмастан, бастан баслайын. Әке-шешем айнанайын деп еле әлпешлегени менен жигитиң әнейи жасқа шыққан жоқ. Сизге өтирик, маған шын, ҳәзир жигирма бестиң белесин басып турыппан.

Жаслайымда журт қатарлы оқыдым. Оқығанда да билимниң түп-түбирине жетейин деп, биринши класста үш жыл, екиншиде еки жыл, үшиншиде бир жыл отырдым. Соң мектепти питкергенде, апам: —илимпаз бол,—деди, ағам:—врач бол,—деди, Антон Павлович Чехов болса илимде де, медицинада да бурмалаўға болады, ал әдебиятта алдаўға, бурмалаўға болмайды, —деди.

Басымды қасып ойланып қарасам, жасың он сегизге толған соң ата-анаң бурынғыдай қалтаңа ақша тыққышламайды екен. Пул бермейтуғын адамлардың айтқанына қулақ салып не қылайын? Менде алыс-бериси жоқ Антон Павлович Чеховтың силтеўин жөн көрип, жазыўшылыққа кеттим. Бирақ, барған жылы институтқа кирмедим. Мектепте он үш жыл оқып, оғыры шаршаппан. Оның үстине жазыўшылыққа оқып атырғанлар қандай болатуғынлығын көрип, қуры қарап жүрдим...

... Мүмкин көп сөз бенен сизиң үлкен мәселелерди шешетуғын, бәрҳама бәнт басыңызды айландырып жиберген шығарман, қысқа кеширим сорайман. Усы арзам арқалы Сизге бәләҳәт жасына жеткенлигимди

билдирген едим. Қатарларымның бәри қатын алып атыр. Менинде журттан кейин қалғым келмейди. Соның ушын Сизден мениң арзымас өтинишлериме қулақ қойып, қәтереңиз бенен мынадай тилеклеримди орынлаўыңызды сорайман:

1. Жергиликли комитеттен маған үш қарар шығартып берсеңиз жақсы болар еди:

а) Мени қәлейтуғын қыз ислеп атырған жерге-үйлениў мәўсими жеткенлиги туўралы қатнас қағаз жибериў ҳаққында.

б) Нөкистиң дәл ортасындағы тоғыз қабат жайдың үшинши этажының айнасы күн шығысқа қараған жағынан төрт өжирели квартира бериў ҳаққында.

в) Балалар бақшасынан төрт орын бериў жөнинде.

2. Қалалық атқарыў комитеттен мени төрт өжирели жайға гезек күтип турғанлардың алдына түсирип жибериўин талап етсеңиз.

3. Қалалық билимлендириў бөлими Сиз айтсаңыз бизге балалар бақшасынан төрт орын бериў ҳаққындағы тилегимди қайтармас деп ойлайман.

Өмирбек аға! Сиз: «бул жалғыз баслы жүўернемекке төрт өжирели жай менен бақшадан сонша орынның не кереги бар?»—деп ойлаўыңыз мүмкин. Ҳәзир асықпасаңыз, бунның мәнисин түсиндирип беремен.

Егер, жергиликли комитеттиң жини келмей жоқарыдағыдай қарар шығарып берсе, егер мен қәлеген қызды жумыс орны ўақтынан бурынырақ жиберип турса, егер ол паркке және бир мәрте келсе, онда мениң үйлениўим сөзсиз.

Үйленген соң мәлим, адам екеў болып жасайды. Еки адамға өлемата баспананың ғәжети жоқ. Жора-жолдаслардың қуўыс-қолтығында еплеп, кирейге оңысыўға болады. Ал, екеў болып жасаған, соң, өзиң қәлемесеңде тез арада үшеў боласаң, соң төртеў... Әне сонда саған қаны қатып турған туўысқанның үйи тарлық қылады...

Демек, Өмирбек аға, енди мениң төрт өжирели квартира сорап отырғнаымның мәнисин түсинген шығарсыз. Қалалық атқарыў комитети маған Нөкистиң дәл ортасындағы тоғыз қатлы жайдың үшинши этажында айнасы күн шығысқа қараған жағынан төрт өжирели квартира беремен дегенше, әўели қудай, қала берсе, денсаўлық болса, төрт өжирени толтырғандай бала-шағалы боларман ба деген үмитим бар...

Өмирбек аға! Бақшадан усы бастан орын алыў ҳаққында өтиниш етиўимде усындай жақсы нийетлерден туўылып отыр. Бизге әўели төрт орын ажыратыла берсин, егер бақша толмай баратырса биз айыплымыз...

...Сизден және бир мәрте өтинип сорайтуғыным, егерде мени халық қатарына қосқыңыз келсе, жоқарыда баян еткен тилеклеримди жерде қалдырмасаңыз екен...

## ТУЎЫЛҒАН ҚҮНИМ

Анам мени туўғанда календарға қарамапты-ау. Болмаса, 13-декабрьде туўылар ма едим. Әттегенеай?!

Ҳәр жылы усы аўҳал. Журт әп-әнедей туўылған күнин белгилейди. Мен туўылған күнимди белгилей қояйын десем, адамлар сылқ-сылқ етип күледи ол неси екен?

— Ҳаў, қосшым-аў, мәкемениң ым-жымына түсинетуғын баласаң ғой. Саған не болды, мынаў жылдың ақыры. Планды да орынлаўымыз дәркар—дейди баслығымыз Таймасов, туўылған күниме мирәт етсем.

Баслықтың нийетин ийегиниң қыймылдағанынан билемен. Ол жүдә парасатлы, еки сөйлемейтуғын, хошаметти көтермейтуғын кең пейил адам. Керек жеринде бақырады. Кейийди. Оның сөгислери бизге майдай жағады. Ал, күлип жыллы шырай менен сөйлесе ғойса, күниңниң питкени. Күлип турып аяғыңнан шалады. Сонда да Таймасовты туўылған күнимди белгилеўге және үйге шақырдым. Сонда ол:

—Әй, сени бир қораз жигит,—деп, санап жүрсем... Тап суўмаңлаған сүмелек екенсең ғой, туўылған күн-туўылған күн дей бересең, не оншама, сен туўылмағанда бир суў мурын кем болады дейсеңбе? Мине, мен мына қарарға қол қойдым. Тыңла!

—«Декабрь айында кәрханамыз хызметкерлери ту-

ўылған күн юбилей белгилемесин. Той мерекеге бармасын. Ҳешким үйленбесинде, турмысқа да шықпасын. Бир адам да аўырмасын, өлмесин.» Түсиндиң бе енди? Бундай мәресимлер бир ай муддетке кейинге қалдырылады. Тамам, ўәссалам,—деп жекирипип жиберди.

Мениң үскиним қуйылып, сыртқа шықтым. Таймасовтың ырастан ашыўланғанын я сыпайы күйингенин биле алмай, сарсаң кесек болдым.

Ол бақырып жиберсе, әлбетте кейини қайырлы болады. Ал, күлип сөйлегенинен қудай сақлағай.

Мәкемемиз планын орынлаўға шамаласып тур. Таймасов декрет отпускасын алатуғын ҳаялларды бирим-бирим шақырып алып, муқыят сөйлесип жумыстан босатпады. Қараўыл ғарры менен де бетпе-бет ушырасып, пенсияға шығармады. Жылдың аяғы, план орынланыўы керек. Секретарь қыз да турмысқа шығайын деп атырған жеринен тоқтатылды. Жаңа жылға бес күн қалғанда бир келиншек жас босанып қалып, қарарды бузғаны ушын ақырет еситти. Ақыр соңы, орнына кийеўи келип кабинетлерди сыпырып, тазалап жүрди. Таймасовтың буйрығы менен ҳешким концертке, я киноға бармады.

Мениң кеўлим еле азан-қазан. Оның баяғы бақырысы ырастан ба, я ҳәзил ме? Билмеймен. Ертең Жаңа жыл! Мен азан менен гүл букетин сатып алдым. Жол-жөнекей Универмагтан одеколон сатып алып, гүллерге сеўип жөне бир қанша майда-шүйде саўғалар менен баслықтың кабинетине кирдим.

— Ассалаўма әлейкум аға! Сизди тақалып келип қалған жаңа жыл байрамы менен шын жүректен қутлықлайман. Бала-шағаларыңызға аманлық... дей бергеним, сөзим аўзымда қалды.

— Сен ақмақ, сен ақмақ! Бәрин билип турып ислейсең. Мени масқаралаў ушын күни-түни бир атым насыбайдай ақылыңды сарыплайсаң. Оңбаған: ақмақ,

бәрин билқастан ислейсең...—деп Таймасов үстиме дөнип, дүрлеп келип қалды. Қорыққанымнан қолымдағы сауғалар сатыр-сутыр полға шашылды.

— Ертең қайсы күн!—деди ол мушын ийегиме тақап.

— Бирр, бирринши я, я... январь —дедим тутлығыңқырап.

— Ол не?!

—Ж... ж.. жаңа жыл...

— Мә саған! Айттым ғой, бәрин билқастан ислейсең—деп. Дәлизде илинген дағазаны көрмей. Әй, соқыр! Ол мени жерден алып, жерге салды. Соң шамалы жууасып:

—«Ендигиден былай есиңде болсын, биринши январь Жаңа жылдың басланатуғын күни емес, ал мениң туўылған күним! Түсиндиң бе? Ертең саған қусағанларды туўылған күниме бағышланған салтанатлы кешеге шақыраман.

—Әжеп болады, аға.

Кейниме қарай жылысып баратырып, есикке, жақынластым да:

—Онда Жаңа жыл қашан келеди?—деп сорадым, батылым барып.

— Жаңа жыл, азғана гидирип турады. Арнаўлы қарар менен оны күтип алыў он күнге кейинге қалдырылды. Жоғал, көринбе көзиме! Ертең бизиң үйде тайын бол!—деди ол изимнен ручкасын силтеп.

Әҳ неге анам мени календарьға қарап туўмады?

Баслықтың бақырғаны мәзи ҳәзил ғой. Ал, күлип сөйлесе шатақ. Жаңа жыл келе ме, кете ме, маған бәри бир. Таймасовтың туўылған күнин ядыма сақласам «қор» болмайман. Календарьда неге биринши январь Таймасовтың туўылған күни деп жазылмаған?

Соған ҳайранман!

## ӨГИЗДИҢ МИЙИ

Ҳақыйқатлық ушын мейли жанымды алағойсын,—деп оянды, уйқысынан саўда инспекторы Назирбай.

Ол көзлерин уўқалап, турмысқа бир қарады да, бет-қолларын жуўынды. «Адам болып дүньяға шығып, еки аяқлап, алға умтылғанда ҳақыйқатлықтан басқа қандай үмитиң болады?»—деп ойланды ол азанғы шай үстинде.

Соң арзагөйлердиң бир буўат шағымы тығылған семиз папкасын қолтығына тығып, қаладағы жалғыз орайлық ресторанға қарай жол алды.

Саўда инспекторы себепсиз адым атпайды. Буны өзлериңиз жақсы билесиз.

Нәзирбайдың папкасында ресторанның үстинен түскен көп шағым бар еди.

Айтпақшы, Нәзирбайдың официанкадан аўқат мәселесиндеги сөйлесиўин умыта жазлаған екенбиз ғой.

— Мына, «қуўырылған мий» иңизди қалай түсиниўге болады?—деди ол столға тиренип.

—Бул қәдимги өгиздиң мийи. Қурамында фосфордың көплиги соншелли, түнде жүрсең басың жалтырайды,—деп официанка заказды орынлаўға киристи. Ол дәслеп ишимликлерди әкелди. Нәзирбай дәслеп кофени ишип көрди. Қараса, ҳеш бәлеси жоқ, қәдимги Нөкистиң кофеси. Сурғылт, суйық ҳәм суўық. Шағым дегенди де жаза береди аў, журт—деп ойлады ол ишинен.

Буннан жақсы, я жаман кофени ҳеш жерден таба алмайсаң...

Екинши гезекте Нәзирбай виноны тартты. «Түў, мына арзагөйлерди қоябер сирә. Виноға Қызкеткенниң ағын суўын қосадымыш. Мен бәсекеге турaман, тап усы виноға суў қосылмаған. Дурыс онда аз ғана лимонад пенен пивоның дәми бар. Болмаса, қәдимги Нөкистиң виносы...

Нәўбет араққа жетти. Тартып жиберди. Ол түшкириўге таярланып турды да, бирақ, арақ суўдай қулқынынан қылқ етип, өтип кетти.

—Мине, мынада бир гәп бар,—деп қойды Нәзирбай өзинше, —неге дейсиз бе? Бурынлары арақты тартып жибергенде мурнымның үстине әжим түсип, көзимнен еки тамшы жас таматуғын еди. Мынаўы не, ҳеш тәсир етпейди? Я таңлайымның ети өлдимекен?

Нәзирбай араққа суў қосылғанын ишинен дәлийллеймен дегенше, ишимликлер оған әдеўир тәсир етти.

Ол кейин әкелинген қуўырылған өгиздиң мийин еки жалмап бир жутса да мазасын сезбеди.

Оның көз алдында буфетшини жынаят үстинде услап ҳақыйқатлықтың етегинен тартып, көтерип жибергени елеследи.

Нәзирбай қанша ишсе де көтеретуғын сымбатлы жигит еди. Ол сынын бузбай официантқа менен есапласты да ресторан директорын шақырды.

Арадан насыбай атым ўақыт өткен жоқ, тапалтаслаў сары Нәзирбайдың алдына жумаланып келди. «Ҳә, маймыл бол—ә»,—деп қойды ол ишинен тислеңип,—мен сендейлердиң талайын көргенмен мына жалпылдаўың болса, адамларды алдап жүргениң аттан анық».

— Хош келипсиз—деди директор оның аман-түўенлик сорасыўына қарамастан.

—Отырың,—деген Нәзирбайдың қатал түсинен музейдеги мүсинлер қалтырап кетиўи мүмкин еди. Ол директорға документин көрсетти. Бийшараның төбе шашы тикке турып, бурынғыдан бетер жалбырлай баслады.

—Иним, өзиңниң де бала-шағаң бар шығар, мени жылатып, еки ҳаялымның қолындағы қаршадай он төрт баланы тири жетим қалдырып шуўлатқаның менен не пайда табасаң,?—деди директор жыламсырап.

Ал, Нәзирбай ҳақыйқатлықтың ҳақ жолына белин беккем буўып, шыққанлықтан көз жасларға әлəмата итибар бермеди.

—Оя́ғы менен жумысым жоқ. Бала-шағаңды тири жетим қалдырғың келмесе, оларды ҳадал нан менен бақ. Ҳәзир акт дүземен, соң темир тордың аржағында турып, арзаңды айтарсаң,—деди ол ашыўланып.

—Иним, бизден қандай гүнә өтипти?—деп директор солығын басты.

—Вино менен арағыңның заводтан шыққандағы сапасы бузылған. Мына папкамдағы шағымлар бойынша тексерип көриң, өзимниң көзим жетти. Сизлер араққа суў қосып сатады екенсиз.

Директордың ҳүрейи ушып турса да өзин басып алды:

— Иним, мен ҳәзир арақ алдырайын, егер усы арақтан бир кемис тапсаң я мен, я заводтағылар қыршын өлсин.

Нәзирбай директордың көзинше суў қосылған арақты ишип көрсетейин дегендей ләм-мим демей қалды.

Теңдей болып қуйылған рюмканы директор Нәзирбай менен қағыстырып қағып таслады.

Мине, арақ деп усыны айт. Ашшысынан туншығып, Нәзирбайдың көзлеринен жас тамшылады. Бирақ, столда арақтың ашыўын басқандай түйирли нәрсе жоқ еди.

Инспектордың инспекторлығы тутып кетти.

—Өгиздиң мийи!—деп бақырды ол директорға,—ең болмаса, бир пыяз алдырсаң болады. ғой.

Директор уялғанынан жерге кирип кетейин деди ҳәм ҳәп заматта столдың үстин гүл-гүл жайнатты.

Бирақ, Нәзирбайдың кеўлин алыў-әлле қандай жабайы пилге жақсылық етип, оннан поса күтиў менен барабар еди.

—Жолдас директор әўелги әкелинген араққа суў қосылғаны факт, ал соңғысы ҳадал екен. Мына папкамда сизлердиң үстиңизден түскен шағымлар бар. Ҳәзир фактлер тастыйықланды деп акт дүземен. тап усы жерде отырып, өзиңде қол қоясаң,—деди ол директордың жанын келиге қамап.

—Болады, иним, болады. Ҳәзир мен буфетшиден бәрин анықлап келейин—,деп директор мардыйған пишини менен кетип қалды...

Нәзирбай мектепте оқығанда әдебияттан «үш» баҳасынан жоқары етип көрмесе де, акт дүзиўге оғыры шебер еди.

Усы сапары да оның әдебий-публистикалық ҳәм санитариялық-саўдалық таланты өзиниң қүдиретин көрсетиўи мүмкин еди. Ол ресторандағы патаслықлар официанткалардың турпайылығы, аўқатлардың сапасызлығы ҳаққында он бир бетлик акт-трактат жазды. Өзиниң талантына мәсирип, оны қайта-қайта оқыды.

«Актти тап усы туўрысында газетаға бергенде ме, ҳәр жерине үтир-пүтирин қойып, басып жиберер еди» деп ойлады ол.

Нәзирбай илҳамының желисин және бир мәрте оқыўға киристи. Муқыятлап қараса, негизги тексериў жуўмағы-араққа суў қосып сататуғын мәселени умытып жазбай кетипти. Ол қайтадан ручкаға жармасып, демде актти он жети бетке жеткерди. «Егер саўданы тексериўди қояғойғанымда да анаў-мынаў

редакция қол қаўсырып хызметке алар еди аў» деп қыялынан өткерди ол ҳәм бул пикирин биреў сезип коймадымекен дегендей әтирапқа қарады.

...Әлленемирден соң директор жанында жас муртлаш милиционер менен кирип келди де:

—Мине, мына адам,—деп Нәзирбайға бармағын шошайтты.

—Гражданин, сиз жәмийетлик тәртипти бузғаныңыз ушын мениң изиме ериң.

Нәзирбай ҳайран қалды. Бундай ҳәдийсе оның инспекторлық, тәжирийбесинде туңғыш рет дусласып атыр. Бирақ, ол белгили бeғлигин бузбады. Дым үндеместен қалтасынан документин алып көрсетти.

—Бундайдың талайын көргенбиз,—деди милиционер,—көп балтамтап айтыспай, алдыма түсиң!

Нәзирбайдың соншама саўлаты менен даўласып отырғысы келмеди. Директорға оқырайып бир қарады да тым-тырыс орнынан қозғалды.

Ал, директор оның изинен:

—Және, тез-тез келип турың,—деп ыржыйып қалды.

Жолда қызтырып, оның өзине-өзи ары келди. Ҳақыйқатлық ушын куйип-писип—жүргенинде, бирден аяқтың астына басылыўы қандай өкинишли?

— Жолдас милиционер,—деди ол муртлашқа иркиўханаға жақынласа берип,—мени босатып жибере қойың, жақсы сөз бенен. Әнейин мәкемениң адамы емеспиз. Бизде өзиңиздей пәклик ушын өзегимиз өртенип жүрген азаматпыз. Оның үстине жети баламның көз жасы барды.

Егер ҳәзир босатпағаның менен ертең өзиңниң аўҳалыңа маймыллар жылайды.

—Көп былшылдамай, тынышыңа жүр. Саған қусаған сасық аўыз батырлардың тап үшеўин сол ресторанды тексерип болғансоң, өз қолым менен усла-

ғанман,—деп милиционер оның пәтиўалы-пәтиўасыз гәплерине қулақ аспады.

Нәзирбай артық сөйлемеди. Тек ишинен ғана «барлығы өзимнен болды, ишпей тексериўим керек еди. Ырас, ишкен соң бағанағы өгиздиң мийинен мейлим алғанша тойып алыўым керек еди. Әттен, аш қарынға тартып» деп гүбирленди.

Ол иркиўхананың табалдырығына жеткенше қуўырылған өгиздиң мийин ойлаў менен барды.

Жүдә мазалы еди-дә Әттен....—деп аўыр гүрсинди қойды ол, босағадан атлап атырып...

---

## СОЙЛАҚ

Әширбайдың гүрек тисиниң оң жақтағы қоңсы тиси кем-кем еринди көтерип жиберди.

Оқыў питкерип, жумысқа киргенинде: «Жас кадр, келешеги зор», деген гәплер оның изинен сүйир шыбындай ерип жүрер еди. Бирақ Әширбайдың пәҳәнлер қатарына қосылыўына, өсиўине бир нәрсе қатты кесент берди. Буны өзе де биледи. Ол баслықларының алдында жағымпазланса да, шақшақ атып күле алмайды. Ҳәтте, езиўин тартқанының өзинде ернин көтерип турған сойлағы соррыйып шығады.

«Жоқ, болмайды, дәрҳал алдырып таслаў керек»,— деп ойлады Әширбай ҳәм барлық күш-қуўатын аяғына жәмлеп, тис емлеў поликлиникасына тартты.

Тис аўырыўдың көплигин айт. Я журт Әширбайға жарысып жүр ме?

Ол кишкене әйнекшеге жақынласып:

— Қарындасым тисимди алдырмақшы едим,—деди ернин бүрип сөйлеп.

—Қайсы тисиңизди?

—Мине, мынаў.—Әширбай аўзына суқ бармағын апарды.

—Ҳий—ҳий—ҳий, сойлақ тис пе?

Күлки Әширбайға масқаралағандай сезилди.

—Қарындасым...—деди ол ашыўланып,—қарындасым, мен сизиң менен дәлкеклесиў ушын келгеним жоқ.

—Подумаешь, дәлкек! Жүдә мениң ойнағым келип

тур,—деди бармақларының ушлары шийедей қызарып көринген қыз қолын шыртылдатып,—тек саўлатынды бузып турған сойлағына күлким келди.

Әширбай адамлар еситип қояр деп шала терге батты. Оннан сайын шийедей қызыл бармақ қыз үстемеледи:

—Қәне, атынды, әкеңниң атын, көшеңди айт. Сойлағыңның кеселлик тарийхын баслаўға туўра келеди.

Әширбай тисин-тисине қойып турды да, әсте айта баслады:

— Әширбай, Өтекеев, «Қосторанғыл» көшеси, 13 инши жай.

— Мүмкин емес! — Қыз шоршып түсти.

—Жүдә мүмкин!—Әширбай қасарысты.

—15 инши үйде Ҳәким Назаровлар турады ғой, солай ма?

—Тап өзи, таныйсызба?

—Неге танымайын, райпоның баслығы! Жарас деген үлкен баласы институтта оқыйды.

—Әширбай қуўанып кетти. «Демек, бул қыз Ҳәким Назаровичтиң ағайинлеринен екен,—деп ойлады ол, өзинше,—шырайы да шеплеў емес.

—Мен Ҳәким Назарович пенен бирге ислеймен, қоңсымыз,—деди ол ыржыйып. Лекин қыз гәпти бөлип жиберди:

—Исенбеймен, исенбеймен, мен сизди «Қосторанғыл» көшесинде бул өмиримде көргеним жоқпан. қәне, паспортынды көрсет.

— Олла-биллә, Ҳәким Назарович баслығымыз болады, мен есапшыман. Ҳәзир жанымда паспортым жоқ Үлкен баласы Жарасты да таныйман. Жақында үйленеди. Тойында хызмет қыламыз.

—Қызық! —деди қыз. —Ол қашан үйленежақ?

—Киятырған байрамға

—Кимге?

—Қайдан билейин.

—Демек, қоңсылығың бийкар. Қәне, паспортыңды көрсет.

—Жанымда жоқ дедим ғой.

—Онда сойлағың алынбайды, сениң усы жерде жасайтуғыныңды ким биледи? Ана аўырыўларға орныңды босат.

Әширбайдың жибисип киятырған кеўли тасмийтин қатты. Қыздың гәпи Әширбайдан кейин турған гезектеги аўырыўлардың қолтығына самал болды.

—Бир мылжың екен, ярым сааттан бери ҳәммени бәнт етип тур.

—Тиси аўырмаған ғой, аўырса билер еди, күтиўдиң не екенин.

—Ҳәзиргиниң жаслары ҳүкимет столының үстинде сырласатуғын болды ғой.

—Ҳәй, қошшым әбден ашық болсаң да былай тур! Мына тистиң зардабынан өлейин деп турмыс.

Әширбай гезек күткенлерге жаўдай көзи менен нәзер таслап, илажсыз әйнекше алдынан жылысты да, гезекшилердиң артынан қайтадан тиркелди. Нәўбети келемен дегенше бир ноқатқа тигилип, ойланып қалды.

Ҳәким Назаровичти қаяқтан таныйды екен? Балдызы ма екен? Әй, жоқ-ә, балдызы болғанда сирә бир үйине келмес пе? Жақын ағайинлери болып шықса, соңынан маған да шатақ. Кейискенимизди еситсе, Ҳәким Назарович мениң дипломымды қолтығыма тығып «төрт тәрепиң қубла» дейтуғыны анық. Басбухгалтерлыққа тәмем де көкке ушады.

Не қылсам екен? Я жибитсем бе екен. Сөйтсем бәри саз болар еди. Кимсең—Ҳәким Назаровичтиң күйеў баласы Әширбайсаң!.... Әне абырой, әне бахыт! Тоқта, ең алды менен киноға шақырып, танысып алыў керек. Танысыў ушын мына тисимди алдырыў керек. Кимниң бир сойлаққа ынтығы қурып жүр?...»

Әширбайдың және нәўбети келди.

—Қарындас, берекет, табың, бир номер берип жиберинде!

— Ҳә, еле жүрипсең бе? Айттым-ғой саған, паспорт керек деп.

—Енди биз жумыс адамы, үйде қалдырғанбыз.

—Мен не қылайын?

—Бир мәрте, мы-мың рахмет айтаман, тек тисти суўырып таслаў. Ҳәким Назаровичке де бара сала миннетдаршылығымды билдирейин, бир мәрте жибере қойың да.

Қыз шамалы мыйық тартты.

—Яқшы, бирақ бир шәрт пенен. Ҳәким Назаровичтиң өзине емес, үлкен баласы Жарасқа «рахмет» деп қой . Неге айтқаныңды билдирме . Мени көргенлигиң тисиңнен шықпасын.

— Ол «рахмет» тиң себебин сораса қәйтемен?

— Айттым—ғой, дым үндеме, бурылып кете бер.

—Яқшы.

— Бар, туў ана кабинетке кир. Туўры бара бер. Врачқа өзим айтаман... Тоқта, берман кел. Айтпақшы, бир қағаз жазып берсем, бүгин Жарасқа апара аласаң ба?

—Жаным менен.

— Ҳәзир шыққаныңда беремен. Барабер.

Әширбай әлле немирде сойлақ тисин жулдырып врачтың кабинетиндеги айнаға қарай-қарай шықты. Шийедей қызыл бармақ қыз әйнекке шақырды.

—Алынды ма?

—Аўа.

—Қәне, аўзыңды аш.

—А—а—а.

Қыз шақалақлап күлди Әширбай да қосылды. Қыз бир нәрселерди жаздыда, қағазды бүклеп, оның қолына тутқызды ҳәм тарс еткизип әйнекшесин жапты.

Әширбай шадлы кейипте көше бойлап киятыр. Неш-

ше жыллардан бери азап берген сойлақ тисинен қутылды. Ол қуўанғанынан өзинше сөйленип те, ысқырыпта көрди. Бир түрлилеў сезилди. Ҳеш гәп кем-кем үйрениседи. Бирақ, ҳәзирше сойлақтың орны билинип тур.

«Жаңағы қыздың оншама наз еткени неси? Я Ҳәким Назаровичти сылтаўлап, мениң тәмеси бар ма екен? Тап қасақана әйнекшесиниң алдына сонша иркиўин. Сирә дә гәп бар. Ертең және барайын ба алдына? Тис аўырыўды бәнелеймиз. Отыз тисим қалды, күнине биреўден алдырғанда да бир ай сол қызға дийдарласыўға болады. Яғ-ә, өйтип не маған? Алдын Ҳәким Назаровичтен ақ, Жарастан бул қыздың кимлигин сорайын. Кейин көремиз.

Тоқта, қалтамда оның хаты бар ғой. Жарасқа жазылған. Қызлар деген сум болады. Қас қабағыңнан—ақ төркиниңе түсинеди Мүмкин бағана өзиме айта алмай, Жарасты бәнелеп маған жазған шығар. Қызлар сум. Бетиңе айтпасада, хатқа шебер. Әй, сирә дә маған жазылған—ғой».

Бул қыяллар Әширбайды хатты ашып оқыўға мәжбүрледи. Көз алдында Ҳәким Назаровичтиң неке тойда бахыт тилейтуғыны елеслеп кетти.

Ол ериксиз оқый баслады:

«ЖОРЖ! Шеп жақтағы сойлақ қоңсың алдыма келип, диңгирлеп қоймаған соң, тисин қағып алдым. Ҳәзир кетти. Бир сөйлетип көрерсең. Өзи быжық екен, енди бес-бетер мылжың болар.

Анаў күнги свиданиеге неге келмедиң? Тойды тезлетейик. Байрамнан бурын болсын. Усы хатты алып барған сойлақ (кеширерсиз—кетик) қоңсыңды тойға шақырмаўға ўәде бер. Мениң оны көрсем әжийнем тырысады. Кешлеў звонить етемен. Үйге кел Целую

ДУДЕНКА».

Әширбай хатты табыс етерин де, етпесин де билмей қалды.

## СОҚЫР ИШЕК

Мал докторы Қойлыбайдың телефоны ярым ақшамда шырылдады. Ол көзлерин уўқалады да орнынан өрре тура трубкаға жармасты.

— Алло!

—Қойлыбаймысаң?—деген ҳаял даўысы еситилди.

— Яқ, мен қыдырып келген қонақпан.

—Онда дәрҳал Қойлыбайды шақыр!

—Не өзи аманлықпа?

—Баслық ағасы қатал болып атыр. Тез шақыр!

—Ҳәзир.

Қойлыбай қолы күйгендей трубканы таслап жиберди де аздан соң алып—Алло,—деди.

—Қәйним, тезирек жет! Ағаң аўырып атыр—деди, ҳаял даўысы.

— Мен ҳәзир бараман.

Қойлыбай асыға-үсиге халатын кийип, қолына дәри-дармақ салынған сумкасын алды да сыртқа шықты

* * *

Ферма баслығы Әдилбай Қойлыбайлардың узақ аталас ағайинлери еди. Ол жүдә ырымшыллығы ҳәм исенимшиллиги менен басқа ферма баслықларына сирә усамайтуғын еди.

—Ал, ҳә, Әмударьяның суўы қурыйды мыс,—деген ғалаўыт шыққанда, дәрьяның, Тахиатас тусынан бөгетленип атырғаны ҳаққында газеталардан оқып жүр-

седе, ферманың жуп қойын қайыр тепкен жағада шалдырып садақа берген еди.

Әдилбайдың бийтаплығы кеше түстен кейин басланды. Геўгимдеги Өтен молланың ушықлаўы да, жеңгей сойған шөже қораздың сорпасына шып-шып терлегениде шыпа бермеди. Түнге қарай кеселлик ҳәўижленип қарнын биреў бурап, ишеклерин өрип атырғандай Әдилбай ҳал үстинде аўнақшыр еди. Жеңгей колхоз емлеўханасының врачына яки қаладағы «Тез жәрдем» ге телефон арқалы хабар бермекши болды. Әдилбайға онысы да, бунысы да жақпады. Ыңырысып тисиниң арасынан:

—Қойлыбайды шақырррр!—деди.

Жеңгей мал докторын шақырыўға екиленип турсада, ерининң айтқанын еки етпеди. Мың айтқан менен түби бир ағайын есабында Әдилбай Қойлыбайды ҳәрқандай медицина илимлерининң докторынан билгиш санайды. Баяғыда Қойлыбай Нөкистеги медучилищени питкерип келгенинде Әдилбайдың қуўанышын айтпайсаң ба?

—Инимди өзим жаныма алып тәрбиялайман, өсиремен,—деп алдына түсип районның бас зоотехнигиниң қолтығына көпшик қойып, ақыры Қойлыбайды фермаға мал докторлық ўазыйпасына алған еди.

Әдилбай буны анаў күни—ақ сынап көрди ғой. Сонда Қойлыбай әллебир жумыслар менен қалаға кетип еди. Кәпелимде Әдилбайдың қызыл шубар минги аты аўзынан ақ көбик атып, гүрс етип қулады. Колхоз емлеўханасының врачы шақырылды. Врач оқымыслылығын билдирип:

— Мен аттың физиономиясын; патанатомиясын билмеймен. Қойлыбайға көрсетиң,—деп кетип қалды. «Ҳә заңғар, мына төрт аяқлы ҳайўанды емлей алмасаң, еки аяқлы адамды қалай емлейсең,—деп сөгинди Әдилбай ишинен. Бул ҳәдийсе Қойлыбайдың қәдирин көрсеткен еди.

Әдилбай болса врачлардан түңилди. Қойлыбай қаладан қайтып келген соң деми питкен атты денгене қылып, пүткил аўыл қазанында май қайнатты. Әдилбайдың Қойлыбайға исеними соншелли, мине бүгин өзи сырқатланып врачтың орнына мал докторын шақырып отыр...

Есиктен ентигип кирген Қойлыбай жеңгей менен аман-есенлик сораспастан Әдилбай жатқан өжиреге туўра умтылды. Әдилбай көзлерин тарса жумып, шыпшып терге түсип жатыр. Қойлыбай сумкасын ашып әспапларын жайып, таслады да қолына илинген градусникти алып, аўырыўдың қолтығына тықты.

Әдилбай «келдиң бе иним» дегендей, ийек қаққанынан Қойлыбай басын ийзеп ғана қойып жерге жүресине отырып, ойға шүмди.

Қойлыбай қыял дәрьясына ғарқ болып, бираз отырды да градустникти алып үңилди, соң мөлдиреп қарап турған жеңгейге улыўма медицина хызметкерлерине тән пәрўайылық пенен «ҳеш гәп болмайды» деди. Әдилбайда қасақана тап усы ўақытта «мына жерим бүрип баратыр» деп сыйпағаны Қойлыбайды сарсаң кесек қылды. Ақыры Қойлыбайдың емлегенлери аўырыўын айтыў түўе басын байлатпайды. Оның үстине мал деген жарықлық даўсыз мақлуқ ғой, емленсе-емленгени болмаса акт, яки денгене. Гөш мут. Ал баслық ше? Деңгенени тилиңеде алма. Айтпақшы сыйырдың қарны аўырғанда, ишки қурылысын тазалайтуғын еди ғой. Әдилбайды да сөйтсем бе екен?— Әй—яғә, Әдилбай аға гүйис қайтармайды дә.

Қойлыбайдың ал-салы шығып қалды. Қайсы дәри менен қалай емлеген сыйырларын ядына түсирди. Сумкадан дәри-дәрмақ ақтарып, ең көп қолланған унтақ биреўин алды да және ойланды. «Ҳаў, бул сыйырларды гүйге келтиретуғын дәри ғой»—деп гүбирленип қайтадан орнына салып қойды.

Соның арасында Әдилбай,—қарныма ийне суққан-

дай шаншады,—деп шағынды. Қойлыбайды бес-бетер зил басты. Ол суўық демин алып, әспапларын санады, түўеллигине көзи жетип, жеңгейди ымлап, дәлизге алып шықты да:

—Әдилбай ағам тыйық жутпадыма?— деп сорады.

—Қәйдем билейин, қарағым,—деди жеңгей көзлери жасаўрап,—ҳәзир мен үйдеги тыйық әўладын түўеллеп шығаман.

Жеңгей асханаға кетти. Қойлыбай ишке кирип дизесин қушақлап отыра қойды. Әдилбай азмаз тынышланайын депти. Еле терлеп атыр.

Таң атыўға шамаласты. Қойлыбайдың оннан сайын ҳүррейи ушыўда. Таң атса, жан шығатуғындай туйылады. Ол қорқынышлы қыялға берилип көзи илинди.

«Ағажан, ўай-ўай ағажан! Орныңа мен өлсем болмайма?—деп даўыслап, Қойлыбай табытты басына көтерип баратыр. Ол көп жүрди. Қәпелимде, аяғы томарға тайып, табыт анадай жерге ушып түсти. Бир ўақлары кепинин желбиретип Әдилбай шығып киятыр.—Кел иним, мениң орныма жатағой. Әзирейилиге ким болса да бәри бир екен,—деп ол Қойлыбайдың жеңинен тартты.—Яқ, аға яқ! Өзиңиз бара бериң. Табытыңыз жийдеден соғылған, жақын арада ширимейди. Қара, суп-сулыў, қутлы болсын, —деди Қойлыбай кейин шегинип. Әдилбай қайтадан кепинге кирди, ал Қойлыбай және ўай-ўайын баслады..»

—Тур қәйним, түргел. Өйтип сыңсый берме, ағаң оянып кетеди. Қойлыбай көзин ашқанда, оятып атырған бас ушындағы жеңгейди көрди. Ол өзиниң көрген түсине өзи уялып кетти. Әдилбай кәтте уйықлап атыр. Дем алғаны айқын сезилип тур. Бирақ, бирден манаўсырадыма, я аўырыў зардабына шыдай алмадыма, әйтеўир Әдилбай созылып керилди де қолларын бүгип, маңлайын жыйырып:

—Үҳ, ыразы емеспен!—деп сылқ ете қалды.

Қойлыбай шынтлап, даўысының барынша уай-уайды баслап жиберди. Шашларын жайып зарланыўы менен жеңгейде өзин кәтке атты. Қойлыбай көзлеринен селлеп аққан жастан жер көрер емес, қулағы өзиниң өкиригинен басқаны еситпейди.

Қақ маңлайдан қос жудырық тиймегенинде ол даўыс шығарыўын тоқтатпас еди. Жерде жатып, бармақ арасынан қараса, қай көзи менен көрсе, сол көзи менен көрсин Әдилбай аға тикейип тур.

Даўысқа қоңсыларда жетип келди. Таң пәраўан атқан еди. Әдилбай көпшикке сүйенип отырды, ал Қойлыбай тығыларға тесик таба алмай, зиңирейип қалды.

Әллеким хабар берген болса керек, демде врач та келди. Ол адамларды сыртқа шығарып, Әдилбайдың ишин тексерип көрди де:

— Соқыр ишек. Дәрҳал емлеўханаға апарыў керек,—деди.

— Соқыр ишек?—деп шоршып түсти Қойлыбай кәтке жақынласып, Әдилбай буўлыққан даўысы менен:

— Жоғал ары! Сенде бир соқыр ишексең!—деди жекиринип. Қойлыбайдың тили гүрмелмей қалды...

## БОЙДАҚ

Бул той халықтың өткерип атырған мерекелерине уқсамай, адамлар залда қойылған узын столдың әтирапына жыйналды. Мәкеме баслығы Таўбай Турсыновичтиң «арпа ишиндеги бир бийдайы»—на арналған дәбдебеге келген қонақлар саўғаларына қоса төрдеги креслода отырған «гүнакар» ға ҳәрким өз саўлатына қарай, қалталарынан «беслик», «жигирма беслик» шығарып берип атыр. Шубар костюмлы, қысық көз, тандыр бет, орта жаслардағы жигит гезек күтип турды ма, я адамлардың арасында көзге түсе алмай қаларман ба?—деп қәўипсинди ме, белгисиз қонақлар стол әтирапына жайғаса баслаған ўақытлары барып, қалтасынан «елиўлик» ти жарқыратып шығарып:

—Айнанайын, қарағым, мә, ал—деп, Таўбай Турсыновичтиң баласына услатты ҳәм сахнадан қол шаппатлаўлар астында шығып баратырған артистқа уқсап журтшылыққа еки мәрте тәжим етип, орнына отырды. Ол Таўбайдың орынбасары Мамыт Нақыпович еди. Қонақлар оны таныса да, мына ҳәрекетиниң жүдә тәбийғыйлығына аз ғана қызғаныш пенен қарасар еди. Соң орынбасар менен ҳешкимниң иси болған жоқ, қайтама Таўбай Турсынович буған қарай көзлерин мәнисли алартып қояды. Айтпақшы, мерекеге мәкемеден тек Мамыт Нақыпович шақыртылыпты, ал басқа қонақлар болса, Таўбай Турсынович пенен тең, дәрежели, яғный қолларында мөри бар болған соң, тойға

зайыпларын қолтықлап келген азаматлар еди. Бәлким, сонлықтан орынбасар стол әтирапында өзинен бир басқыш жоқары қонақлардың алдында қысынып қалмайын деп ҳаялын ертпей, жалғыз өзи, жайдақ келген шығар. Мереке әсте-ақырын қыза баслады, бирақ, Мамытқа оғада кеўилсиздей түйилди. Ол өзиниң мәниссиз отырғанын дәстурхан басында жасырғысы келип, журт күлсе, күлип, биреў тост айтса, тыңлап отырды. Бир-еки мәртебе ўарсақы сөзге араласып ернин қыбырлатып еди, тамағынан сөз шықпады. Ҳәтте: гезекли—гезексиз тартып жиберген үш рюмка арақта етин қыздырып, тәсир етпеди.

— Бул не болған, маған?—деп ойлады ол ишинен, —неге журт қатары ўақ-шақ болып отыра алмайман. Усы отырыспаққа артықмашлық еткеним жоқпекен? Мына қонақларды ғой шетинен таныйман, олардың ҳәр қайсы ҳәр мәкемениң дизгинин тартып киятырған жигитлер әттең мени ҳешким танымайды, танысада танымағандай, менсинбейди...

Мамыт еле де өзинше ойлана беретуғын еди, бирақ оң қапталында отырған кербазлаў жеңгей бүйиринен түртип жиберди. Орынбасар селк ете қалды. Усы ўақытлары той басқарыўшы салтанатлы сөзин баслап атыр еди.

— Бүгинги тойымызды гүл-гүл жайнатып атырған қурдаслардың дыққатына: Татлымурат аға, берман қараса. Мине қурдаслар, бүгин арамызға қырыққа шықса да қыз қәлемей, бойдақ жүрген бир адам қосылып қалыпты. Ал, атың ким жора?

Мамыт енди аўызын жасқай бергенде Таўбай Турсынович жүйриклик етип:

— Аты Мамыт, мениң орынбасарым. Татлымурат аға, берман қара, бизиң Мамытта мине деген келин бар,—деп бас бармағын көрсетти.

— Ҳаў, келинди неге шақырмадың бала?—деди Татлымурат деген сайын берман қарайтуғын жасы-

үлкен. Ол сораўына жуўап күтпестен-ақ, қәдимги қәлпине түсти.

—Ҳаялын отырыспаққа ертип келмесе, орынбасарың феодаллаў көз-қарастама деймен,. Таўбай Турсынович?—деп ғыйқылдап күлди Мамыттың шеп қапталындағы жылтыр бас.

— Үйинде қатыны болса, қалай бойдақ?—деди оң жақтағы кербаз жеңгей.

Ғарқылдап, сыңқылдаған қыран-күлки оркестри әлле немирде тынды. Сөзди той баслаўшы илип кетти;

— Дослар! Жигиттиң жуп қатыны, он баласы болағойсын, босағасынан сыртқа атладыма болды, ол бойдақ есапланады. Сөз—Таўбай Турсыновичтиң шалғайын көтерип жүргéн, иним, атың ким еди?—Аўа есиме түсти, Мамыт. Аўа, Татлымурат аға берман қараса, сөз Таўбай Турсыновичтиң орынбасары Мамытқа, қурдаслар, қурдаслар дыққат... сөз—бойдаққа!

Ғаўырлы эсте басылып, ортаға тым-тырыслық шөкти. Буған той баслаўшының сөзине қарағанда Мамыттың сазырайып турыўы себепкер болған еди. «Пай усындай ўақытлары, қолайлы, қысқа, қосық пенен тость айтсаң—дә», —деп ойлады орынбасар ишинен,—бир пайыты келип турыпты—дә, әттең не айтарымды алдынырақ ойламаппан. Ол тость айтыўға, қутлықлаў сөз сөйлеўге шебер еди, бирақ усы сапары тили жуўыспады. Есине классласы, ҳәзир белгили шайыр достынан ҳәр қандай жағдайда айтыўға болатуғын қосық тост жазып бериўин өтингени түсти, лийкин қапылғырдың бир қатарында ядына түсире алмады. Соның арасында оң жағындағы кербаз жеңгей оның ойланып қалғанынан пайдаланып:

—Мына созылыўың болса, қәйним, қартайғанша бойдақ болып өтерсең,—деди.

Және күлки көтерилди.

Мамыт терлеп кетти, алқымындағы галстуги қысып баратырғандай сезилди. Соң өзин тиклеп алып:

«—Жолдаслар!—деди, —Быйыл халқымыздың қуанышлы тойлардан қолы босайтуғын түри жоқ. Мине, жақында ғана республикамыздың алтын тойын белгилесек, және бүгин кутлы дәстурхан үстинде қәдирдан Таўбай Турсыновичтиң палўаны Бахытжанды жигит қатарына қосыў, яғный, сүннет тойына жыйналып отырмыз. Бес жыллықтың анықлаўшы жылы бизин мәкемемиз Таўбай Турсыновичтиң басшылығы арқалы таўдай табыслар асқарынан асып, сүннет тойға мийнетте жайнаған мол сауғалары менен келди. Таўбай ағаның пәтиўалы сөзлеринен рухланған коллективимиз ҳәзир келеси жыдың есабына айлық алып, үлкен көтериңкилик пенен ислеп тыр.

Мен усы тосттты усының ушын ишип қояман...»

Мамыт рюмканы көзлери жоқарыдағы лампочкаға қамасқанша көтерди. Ал, Таўбай Турсынович мәнисли кейипте астыңғы ернин тиследи.

Мамыт жаңағы сөзлери менен, мерекениң лапылдаған жалынына муздай суў қуйып жибергенин орнына отырған уақлары барып сезди. Әлбетте, бул тость ушында қол шаппатлаўлар болды, деген менен қонақлардың есине жүдә әҳмийетли ғалма-ғал түскендей, еркеклер үҳилдеп, ҳаяллар рюмкадан жеркенген түр менен немқурайлы ишисти. Кейин көп ўақытқа шекем қонақлар тымсырайысып отырды да, бир-бири менен өндирислик бағдарда өз-ара гүррингге көшти.

Тойдың мәниси қашты. Дурыс, оның ғаўырлысы бурынғысынан пәсейген жоқ, лейкин аўыз-биршиликли күлки умытылған еди. Усы турысында залдың өзи де ғаўырлысы менен бир-биреўдиң сөзин тыңламайтуғын пивоханаға уқсап кетти.

Мамыт әри-бери шаққанлық етип күни менен жәмийетке араласа алмай отырғанлығының есесин алажақ болып, адамларға сөз қосқысы, ҳәзиллескиси, дәлкеклескиси келди. Бирақ, екеў-ара гүррингге жуўылмаған

қасықтай суғылысыўды қолайсыз көрди. Қалтасынан шылым алып, шырпысын изледи. Шалбарының оң қалтасын қармаластыра бергени, қолы кербаз жеңгейдиң дизесине тийип кетип, азғана уялып та қалды. Қырсығына қара, ешейинде күни менен дизе қағысып отырған кербаз жеңгей, тап Мамыт шырпы излегенде шоршып түсер ме?

Таўбай Турсынович орынбасарына және аларып қарап қойды.

Мамыт еки қолын қоярға жер табалмады. Той басқарыўшыда жылтыр бастың қапталында еңкейип, бир машын ҳәк әкелип бериўди өтиниш етип, узақ сөйлесип қалды. Орынбасар өзиниң бул айыбын не менен жууарын билмей, столдың үстинен алақандай бир шоколад алды да:

—Мен өзимниң Бахытжаным менен ақ сөйлесемен,—деп дағазалап, төрги креслодағы баланың қасына барып, басынан сыйпады.

— О, бизиң Бахытжан, үлкен азамат—ғой, тезирек ер жет, мен саған қалыңлық таўып беремен, мә, ҳәзирше мынаны жей бер, тезирек өсесең,—деди ол даўысын журтшылыққа еситтирип. Онысызда қонақлар орынбасардың ҳәрекетине мойынларын бурған еди. Бала азғана егленип турып, еркелиги тутып кетти ме, қәйдем, Мамыттың усынған шоколадын қолынан қағып жиберди.

Орынбасар және терге батты, бирақ, сыр алдырғысы келмей, қолында қалған шоколад усағын аўзына салып:

— Бизиң Бахыт жан, нағыз Дон—Кихот—дә. Балалықта ким Дон Кихот болса, ержеткенде қор болмайды. Баяғы да өзлеримизде ҳәррениң уясын шыбық пенен түртип, бетлеримиз талақтай исип жүргенбиз,— —деди ҳәм ҳеш қандай себепсиз, биймәни ғарқылдап күлди.

Таўбай Турсыновичтиң нәзеринен қар жаўып тур еди. Оның Мамытты қандай сөгислер менен иштен қайтарып отырғанын дәстурхан басындағы психология диспансериниң бас врачы да байқай алған жоқ.

Мамыт қаннан-қәтерсиз өз орнына келип отыра бергени, Таўбай Турсынович сөз алып:

— Қымбатлы Мамыт Нақыпович! Мине, бизиң қуўанышлы тойымызды да кеўилли атқарыпшықтыңыз. Сизге шын-кеўилимнен миннетдарман. Илайым сизиң тойыңызда да қол қаўсырып хызмет еткеймиз.

Ал, яқшы, келгениңиз ушын рахмет! Той-пойсыз-ақ, былайынша келип турың,—деди салтанат пенен.

Орынбасарға шығып кетиўден басқа илаж қалмаған еди. Ол қонақлар менен күлимсиреп хошласып, есикти сыртынан жапты...

Мереке қайтадан ҳәўиж алды. Қызықлы тостлар айтылды, күлкилер түрли муқамға дөнди. Тек ара-тура анекдот табылмай қалғанында той басқарыўшы Таўбай Турсыновичке қарап:

— Пай, жүдә саз орынбасарың бар екен, қудай көп көрмесин. Татлымурат аға, берман қараса, атын еситип алайық. Аты ким еди. Ҳе, Мамыт Нақыпович! Ҳа-ҳа-ҳа—деп залды дуў күлкиге батырады. Шеп қапталы босап қалған кербаз жеңгей болса:

— Үстинен жоңышқаның ба, я иримшиктиң бе, әйтеўир бир нәрсениң ийиси аңқып турады екен. Еркеклер арақ ишип болып, мурынларына пияз тығып жүргенше, жаңағы орынбасарды ийискесе болады ғой,— деп лаққышылық етти...

---

## ҚӘЎЕНДЕРЛИК

Ҳәзир қаладағы мәкемелердиң жабанға қәўендерлиги үрдиске айланғап. Кишигиримлеў коллектив болсақ-та бизлерде қарап қалғанымыз жоқ, бир пәтли колхозға қол-қабысымызды тийгизип турамыз. Бизлер дегенимиз-мен, орынбасарым, бас бухгалтер, эпиўайы бухгалтер, еки инспектор, секретарь—машинистка ҳәм тағы басқалар, барлығымыз он үш жанбыз.

Шемби күнги ойласықта хызметкерлердиң барлығы дерлик колхозға барыўға наразылаў болған еди.

— Ҳаял туўып атыр,—деди бас бухгалтер.

— Пай, соннан да сылтаў болып, қәйнимиз үйленип атырса да биз мыңқ етпеймиз,—деп қайтарып таслады оны орынбасарым.

— Ертең, бала, мен бир жай көмек салмақшы едим —деп қалды эпиўайы бухгалтеримиз.

— Көмекши айтыппа едиң?—деп сорады басбухгалтер оннан.

— Әлбетте.

—Жуда саз. Жайынды көмекшилерге тапсырасаң да, өзиң колхозға барасаң,-деди бас бухалтер.

—Мениң желкеме шыйқан шығып киятыр. Барғанымнан не пайда?—деди старший инспекторымыз.

—Мен бүгиннен баслап отпускадағы адамман,—деди шофер.

— Ертең биреў менен ушырасыўым керек еди,—деди секретарь қыз.

—Ауылдың ҳауасы денсаулығымды бузады. Доктордан справкам бар,—деди әпиуайы инспекторымыз.

Қулласы, адамларымыздың ҳәммесиниң екшемби күни қәуендерликке алған колхозымызға жәрдемге барғысы келмеди. Қорқытып, үркитип дегендей олардың басын қосып, колхозға алып шықтым. Бизлерди басқарма баслығы күтип алып:

— Сизлерди жүдә сағынып қалыппыз,—деди қайта-қайта қушақласып.

— Қәне, дәрҳал бизге отақ басып атырған-жериңизди көрсетиң, бир дөндирип таслайық,—дедим оған.

—Әй, иним—әй, ҳәзир пахтада отақ бола ма, гербицид деген дәри шығып, оңып қалдық ғой,—деди баслық —сизлердиң усы ҳармасынға келгениңиздиң өзине төбемиз көкке жетти.

— Онда қол күши кәжет жумыс тауып бересең,— дедим мен.

—Әлбетте, әлбетте. Бирақ бизиң дәстүримиз бойынша ҳәзир пахтаны бир аралаймыз, кейин сескелик деген болады.

Бизлер баслықтың изине ерип, ғауашаны көрдик.

—Ой, қандай жақсы—деп ғауашаның гүлин үзип ийискеп жүрген секретарь қызыма ашыуым келип, қалада қалдырып кетпегениме өкиндим.

Сәскеликке бригадтың үйи шақырыпты. Түйе тауықтың сорпасына ҳәз етип мәлҳәм болдық. Кейин ауыл советтиң үйинде түслендик. Песинде, аты ядымда жоқ, және бир үйде ауқатландық. Шайтан тауық салып асылған палаудың мазасын айтпайсаң ба?. Кеште баслықтың өзи шақырды. Қойдың гөшинен бир әжайып туурама болыпты, бирақ бизлер оншама қарнымызға сыйғыза алмадық.

Ақшам қалаға зорға қууыстық. Сол күни бизиң жабанға барғанымызды жигитлеримиз бир ҳәпте аузынан түсирмей мақтап айтып жүрди.

Бүгин және шемби. Келеси ҳәптеде жатаққа үш адам

жибериўимиз керек. Кимди жиберсек екен? Және ҳәмме сылтаў айтады дә.

Хызметкерлер менен ойластым.

—Колхозды қәўендерликке алдық па, енди оған ҳәр тәреплеме жәрдем бериўимиз керек. Мысал ушын мен бир ҳәпте емес, бир ай жатаққа кетип жәрдем бериўге қайылман,—деди бас бухгалтеримиз.

—Пай, достым ойлапбай сөйлейсең дә. Жас босанған ҳаялың аяққа турып кеткенше үйде бол, кейин бараман десең де бир жөнкилли еди. Мына ҳалыңа сени жабанға жиберип, бизлерди ҳүждансыз жоқ дейсең бе? Яқ, сен үйинде бол, орныңа мен бараман,—деп қайтарып таслады оны орынбасарым.

—Пахта.... жолдаслар, халқымыздың наны, қаны ҳәм жаны. Буны дус келген дийўалыңа жазып қойыпты. Мен питпей атырған жайымның қурылысын таслап, «ақ алтын» қырманына аз да болса үлес қосқым келеди. Мени жибериң,—деди әпиўайы бухгалтеримиз.

—Әй, бала, быйыл суўыққа қалмай жайыңа кирип алыўды ойласаң бойма,—деп бас бухгалтер аларып қарады.

— Ал, жигитлер, кеше шыйқанды емлеп атырған врачлар маған: «көбирек қол мийнети менен шуғыллан. Бир жерде сарсылып отыра берме, болмаса және шыйқан шығады», деди. Жабанға мени жиберсеңиз дым жақсы болар еди,—деп шықты старший инспектор.

—Аўа, докторлар маған да «аўылдың ҳаўасы—дәртиңниң даўасы», деп справка берди. Мына қаланың шаўқымы мийди айландырып, қан басымымды асырып баратыр,— деди әпиўайы инспектор.

—Мен отпускамды қәўендерликке алған колхозымызға жәрдем берип өткерсем қалай болар екен?—деди шофер.

—Мени колхозға жибермесеңиз болмайды, биреў менен ушырасаман,—деди секретарь қыз.

Қәўендерлик жәрдемге жиберилетуғын үш орын усы-

лайынша талас-тартысқа түсип қалды. Хызметкерлерим қайсы биримизге бахыт қусы қонар екен дегендей, мениң қасы-қабағыма қарайды.

Кимди жиберсек екен?

—Жолдаслар,—дедим орнымнан турып,—сизлердиң аўыл хожалығымызға жәрдем бериўге тилегиңиз оғыры қуўанышлы. Буны, ҳәтте, азаматлық баслама деўге болады. Үш орынға он үш талабан шықты. Алғыстан басқа айтарым жоқ. Бундай табанлылық, хәтте, быйылғы институтқа қабыллаўды да сан жағынан артта қалдырып кетти. Бирақ, жолдаслар ҳәмме пахтаға кетсе мәкемеде ким қалады? Негизги жумысымыз ақсамай ма? Сонлықтан мен мынадай усыныс киргизбекшимен. Мына шоферымыз отпускада. Оның басламасын қуўатлаймыз. Екиншиден, басқа хызметкерлердиң тилегин қанаатландыра алмаймыз. Сен, басбухгалтер, ҳаялыңның жанында бол. Сен әпиўайы бухгалтер, жайыңды тезирек питкерип ал, жай орынға неше жыл гезекте турғаныңды умытпа. Еки инспектор, екшемби күнлери денсаўлығыңызға байланыслы дәрьяға барып қармақ салың. Сен секретарь қыз, жабандағы жигитиңди қалаға сөйлесиўге шақырып, бирге кино көриң. Мениңше колхозға жәрдемге бизиң мәкемемизде ислемейтуғын биреўди жибериўимиз керек. Қәне, қайсысыңыздың бала-шағаңыз усыған қолайлы?

Хызметкерлер бир-бирине қарасты. Мен сөзимди даўам еттим,

— Әне, сонлықтан жолдаслар, мен өз ерким менен ҳаялымды колхозға жәрдемге жиберемен. Кейин мәкемемиздиң мөрин орынбасарыма тапсырып, өзим де пахтаға шығаман. Қәне, буған қалай қарайсыз?

— Жүдә мақул,—деди орынбасарым. Оның пикирин ҳәмме қуўатлады. Бирақ олардың жүзинен ишлей наразылығы сезилип турды.

## БИР МУҲАББАТ ТАРИЙХЫ

— Қайсысы екенин анық айта алмайман, я Бальзак, я Байрон, әйтеўир биреўи былай депти: «—Ышқы сыры үшинши бир адамға паш етилген ўақыттан баслап, муҳаббат өлип, гөри қазыла береди».

* * *

Сәлийма десе ,жүрегим артына тартып жумысқа қолым жуўыспайды. Әсиресе, оның ана бир хабарласпай бурылып кететуғын назы бар ғой, (бәлким бул басқалар ушын наз емес шығар) сонысы мениң ақыл-хуўшымды алып, қайсы көшеден бирантырғанымды да умыттырып жибереди. Оның изине түскениме де көп емес, бес жылдай болды. Соннан берли талай ушырасып, ол хабарласпай, мен ылағып кетип, талай мәрте «Орыс әўлийе» ден де шығып жүрдим. Өзим мине деген мәкемениң бас инженери болсамда негедур, Бийпатпаның тухымы менен оншама әлпим алыспайды. Тек жалғыз жубанышым Сәлийма. Оны түнде түсимде көрсем, күндиз көше қалдырмай излеймен.

Үҳ, қуда жиберип зорға көндирдим аў. Ата-анасы «сапар айы өтсин, соң узатамыз деп қалыпты, онысына да шүкир.

Денеме қарап соғылғандай столыма жарасып отырып Сәлийманы ойлайман.Күндеги әдетим усы. Кабинетиме киргенлер менен де немқурайды сөйлесемен. Телефон зар еңирей берсин, тыңламайман. Ойлайтуғыным Сәлийма.

Мине, тойға да төрт күн қалды. Кабинетимниң есигинен муртлары ҳәррийген, шашлары пәки менен қыртыслап алдырған, қызыл бет бир киси «Ассалаўма әлийким» деп кирип келди.

— Уәлийким ассалам, келиң,— деп мирәт еттим. Сораў нәзери менен қарап отырғанымды байқаған сыяқлы өзи гәп баслады.

—Иним, мен Сәлийманың туўысқан дайысы боламан,—деп таныстырды ол өзин,—бизиң Сәлийманың болажақ күйеўи қурылыс басқармасының нәҳәни деп еситип едим. Бир көрип кетейин деген нийет пенен келип едим. Ғабырыспасам, сол сиз боларсыз.

Кейин ол ата-анам, туўған-туўысқанларымның аўҳалларын сорастырды. Күйеўди сынаўға келген адам шығар деп ойладым ишимнен. Соң барып, сөз оның жай салып атырғанлығына тоқтағанда гәптиң поскеллесин түсиндим.

—Өзиңнен жасырар сыр жоқ, иним. Мына жай салыў дегениң оғыры азап екен. Гербиш табылмай, ийт әўерем шықты. Егер қолыңыздан келсе....,—деп сөзиниң соңын жутып қалды Сәлийманың дайысы.

Күйеў балаға қусап, мәртлик пенен оның талабын орынлап жибердим. Мениң Сәлийма ойлағандай симилтир емеслигимди билип қойсын, қудалар. Ол алғысын жаўдырып адресин таслап кетти...

Енди столыма отыра бергеним, телефон сыңғырлап қоя берди.

—Алло!

—Ким бул?

—Бас инженер, Пәтмуратовпан. Өзиңиз ким боласыз?

—Асханалар трестиниң баслығы өз кабинетинен сөйлеп тур. Иним, ҳәзир қапталына «нан» деп жазылған машина барады. Шопырдан полға қызыл бояў, әлип май, лак таўып берип жибер. Жеңгең қурғыр, үйди ремонтламайсаң деп мийимди тесип тур.

—Ҳаў, өйтип бир, бизде көшеде жатқан зат барма? —дедим асханалар трестиниң баслығына.

—Мениң ояғы менен жумысым жоқ. Мен Сәлийманың жездеси боламан. Қалғанын өзиң бил,—деди трубка.

—Онда тез машина жибере ғойың,—дедим орнымнан өрре турып.

Болажақ бажаның сөзин сындырыўға болама?

Қурылыс обьектлерин бир қатар айланып, питпей атырған участкалардан Сәлийманың дайысының үйине он машын гербиш жиберип, кеңсеге енди қайтып келгеним, қарапәрең, шаққан бир бала ески таныслағымдай сәлемлесип, кирип келди де:

—Пәтмуратов деген ағай сиз бе?—деп сорады.

—Аўа, мен.

—Жезде, мен быйыл оныншыны тамамладым. Енди медучилищеге документ тапсырып едим, бир жәрдем бермесеңиз.... Сәлийма апам, мениң қыз апам.

—О жүдә жақсы болыпты. Яқшы, мен бир ҳәрекет етип көрейин, өзиңде китап оқыңқыра, яқшы ма?

Болажақ балдызым қуўаныштан жүзлери жадырап:

—Рахмет, жезде!—деп кетти.

Гәллем гүў-гүў айланды. «Гербиш—Сәлийманың дайысына, қызыл бояў-Салийманың жездесине, медучилише -Сәлийманың инисине». Әне, әйнектен көрип отырман, есиктиң алдына қапталында «нан» деген жазыўы бар машина тоқтады...

Қудайға шүкир, ертең тойымыз. Кеўилим көтериңки. Өзимнен-өзим отырып алып,қосық айтқым келеди. Қуўаныштан қолым жумысқа бармай отырсам, телефон сыңғырлады.

—Аўа!

— Ҳә, қудай ықласым урғыр!— деп баж ете қалды трубка. Бул мениң апамның ашыўланғандағы даўысы.

—Не болып қалды?

— Еле, усы қудай бар болса, сол урғашыны жер тартар. Ҳә, жер жутқыр.

— Ҳаў, не гәп, апа?

—Не гәп? Билмегендей сорайсаң-ә. Ҳаў, ана саған айттырып қойған саллақы, бүгин азанда биреў менен қашып кетипти ғой...

Қолымнан трубканың түсип кеткенинде сезбей қалдым.

## ТҮСЛИК

Бир кабинетте үшеўмиз. Анаў төрги столда отырған зәрре қыймылдаса, иркилдеген бетлери түсип кететуғындай семиз Көлбай-бас есапшымыз. Ол еңкейе алмағанлықтан, столдың үстиңги тахтасын мектептиң партасындай бир қыялатып ислетип алған. Өзинен басқа адам оның орнына отыра алмайды.

Оның бержағындағы Пирман- бас есапшының орынбасары. Узын бойлы, арық. Оның Көлбайға қол қойдырыўға қағазларды ийилип бериўине қарап, қудайдың шеберлигине таң қаласаң. Тап хан сарайының хызметкериндей жилўа менен Көлбайға еңкейип, қол қоятуғын жерин көрсеткиш бармағы менен нусқап, әлпайым мыйық тартыў ушын жаратылғандай.

Мен әпиўайы есапшыман, институтты питкерген дипломымның еле қыры қайрылған жоқ. Мине бир жылға шамаласты, бирге ислесип атырмыз. Олардың небир қылўаларын меннен жақсы билмейсиз.

Әдеттегидей түслик. Столына сүйенип уҳ тартады да Көлбай орнынан турады. Алдындағы папканы Пирманға көрсетип:

— Иним, мени бир саўлатлы жер мирәт етип еди. Соған барып қайтпасам. Сен мыналарды көрип, есаплап түсликке шығарсаң,— дейди. Ол талтаңлап басып, есиктен шығады. Қапы жабылғанша Пирман орнында қақайып турады.

Ол кетиўден бир кесе шай ишим ўақыт өтпестен Пирман, Көлбайдың берген папкасын маған узатып:

— Ал, иним, мениң жағдайым өзиңе түсиникли. Ҳаял емлеўханада. Түсте-пүсте барып бир хабар алмасам, жумыс басты қол тийе бермейди. Сен бүгин түсликке аз ғана кеширек шыға ғой. Мыналарды бир есаплап тасла. Сендей ўақтымызда қызғынлы ислейтуғын едик. Түслик-пүслик пенен есапласпай шабатуғын едик. Ал, иним ғайрат сал,—деп ол да кетеди.

Күндеги әдети сол. Екеўиде түсликке ўақтында шығады, кеңседе мен қаламан. Жалғыз өзиң отырсаң, қыялпараз боласаң, ойыңа не түрли бәлелер келеди. Көлбайыңнында, Пирманыңның да қалай түсленетуғынын билемиз. Саўлатлы жер дегениң ҳәр күни мират ете береме? Көлбай өзиниң баҳасын қымбатлатпақшы болып, бәрқулла түсликке нәмәлим тәрепке тартып кетеди. Ол өмири өзиниң үйинен аўқатланбайды. Өйтип, сықмарланып, жыйған-тергенин кепиниңиң қалтасына салып кететуғын шығар, ақмақ!

Пирманың да оннан қалыспайды. Баяғы ҳаялым емлеўханада дегенине қара. Пирманды көрмей-көрмей жүрип тосаттан ушыратсаң, оның гәпине исениўиң мүмкин. «Ҳаял емлеўханада»... Бир жылдан бери ҳаялы емлеўханаға көшип бармаған болса, жата береме? Әллеқашан доктор оны бир жағына шығарар еди.

Оның ҳаялы емлеўханада аспаз. Пирекең емлеўханадан мутқа түсленип қайтады. Илмийип жүргенин көрмейсең бе? Наўқастың ҳақын жеген соң бийшараға қалай жуқсын. Қуў сүйеги қалған. Ол да үйинен аўқатланбайды. Гейде ҳаялы декретке шыққан күнлери түсликке насбай атып та жүре береди.

Мине, түсликте өтип баратыр. Мен олардың таслап кеткен жумысларын есаплап шамаластырдым. Неше күн болды түсленбегениме? Ҳеш ядыма түсире алмайман. Бәрқулла түсликке маған жумыс тапсырылады. Көлбай да, Пирман да ҳаслы есапшы емес. Питирген дымы жоқ. Көлбай ведомостьты көбейтиў кестесине қарап отырып дүзеди. Пирман болса, «бесинши класс-

тағы баламның есабын шығара алмадым, бизиң баладан бир наркелле шығады аў»,—деп мақтанады. Өзи питкергени төрт класс болса, бесинши класстың есабын қалай шығарсын. Соған да ақылы жетпесе.

Жумысты питкердим. Түслик те өтип кетипти. Енди аўқатланыўға кетсем, жумыс ўақтында аўқатланыўға балама?—деп Көлбай шырлайды. Не де болса шыдайын. Жүрегим сазып баратыр. Графиннен суў иштим. Сөйтип, столыма отырып, ҳуштан кетиппен...

Көзимди ашсам, тырсыйған бетлери иркилдеп Көлбай жүзиме суў бүркип атыр. Нейлон көйлегиниң алды суў-суў қарнына сорғалапты Қапталында гә мениң үстиме, гә Көлбайға қарап еңкейип Пирман тур. Көз жасларын орамалы менен сүртеди де маған;

— Иним, қорқытып тасладың ғой,— дейди.

Мен әсте тиклендим.

— Не болды иним, түсликке шықпадың ба?— дейди Көлбай.

— Яқ, мына жумысларды питкеремен деп үлгере алмадым.

— Не жумыс?

Мен папканы көрсеттим. Көлбай Пирманға ашыўлы нәзери менен қадалды.

— Жас жигит ғой, демде питкерер деп едим,—деп ақлады өзин Пирман.

—Бул қайтып тәкирарланбасын. Иним, сен ўақтында түслен, ўақтында аўқатлан. Сениң келешегиң бар, соның ушын бәрқулла қарның тойып жүрсин, яқшыма?

Мен мақулладым.

— «Азанғы аўқатыңды өзиң же, түслигиңди достың менен бөлис, кешки аўқатыңды душпаныңа бер»,—деген нақыл кимдики еди?—деп Көлбай Пирманға қарады.

— Араблардики,— деп жуўап қайтарды Пирман.

— Халық деген дана ғой,— деди Көлбай.

— Халықтың абыройын арқалайтуғын өзиңизге қусаған жигитлер емес пе?— деп қойды Пирман,— нақыл бизиң қарақалпақтада аз емес. «Қара суў қара гөрим жерге апарады», деген дана сөзлеримиз бар.

— Әй, қойсаң—ә! Сюннан да даналық болып. «Қайғысыз қара суўға семиреди» миш .Ал мына қаршадай баланың басына не қайғы түсип турыпты? Қойнында қатыны, қолында жумысы, қара күн-күннен қурысын етке шықпайды. Нақыл дегенди де ойламай-нетпей айта береди.

— Дуппа-дурыс, аға,—деди Пирман. Көлбайға соң маған қарап:

— Иним, қуў сүйегиң қалыпты ғой, я келин зорлық етип жүрме?,— деп ғарқылдап күлди. Көлбай да қосылды. Көлбай күлгенде аўзы дөңгеленип, «өҳ-өҳ» деген сес шығады, болғаны.

Мен екеўин де жек көрип турдым: «Бәри бир өзлериңиздиң үйлериңизге барып түсленген жоқсызлар ғой, несине шәлтийесиз»—дедим ишимнен.

---

## КӨҚ ҒАРБЫЗ

Узақ-узақлардан туўылған жерге қайтқанында, «өз үйим, өлең төсегим» дегендей, ҳәмме нәрсе көзиңе ысық көринеди екен. Келгениме бир ҳәпте толып, ағайын-туўғанлар «қутлы болсын» ға келип үлгере алмай атырсада, бираздан берман аўылдың пискен ғарбызын жесем деген ой базарға қарай сүйреди.

Ызғыған адам—базаршылар. Қаўын-қәмектиң енди писип атырған ўақытлары. Қаўын базарының оңынан самал турып, үсти үмбе-дүм. Шаўқымлар ағымынан жер силкинежақ. Тосаттан биреў жеңимнен тартты.

— Медет! Ҳаў, бул не, танымай турсаң ба? Кел, шетирек шығып сөйлесейик.

Қарсы алдымда бурынғы классласым Зийўар тур еди. Бет— әлпети азғана өзгерген, шамалы толысайын депти. Жанындағы қолтығында ғарбызы бар сойылдай шеке сақаллы жигит пенен екеўи мени әнтек-тәнтегимди шығарып, шетке тартып кетти.

— Медет, қашан келдиң? Классласлардан ҳеш кимди көрмедиң бе?

— Жақында келдим. Еле былай-былай шыға алмай атырман.

— Оҳ, қандай жақсы болды сени көргеним, билесең бе, мен турмысқа шықтым. Айтпақшы танысың— мынаў мениң күйеўим.

— Әлжан,— деп қолын усынды шеке сақаллы .

Зийўар мениң кимлигимди ҳәп-заматта аўзы-аўзына

жуқпай айтып берди. Күйеўи бурын адам көрмегендей маған тигилип қарады. Зийўар гәпти илип атыр. Оның әзелден-ақ сөзге шешенлиги маған мәлим еди.

Ақырында, олар үйине мирәт етти.—Ҳәзир жүриң, мына ғарбызды бөлисип жеп, тарқаспасақ, өкпелеймен, сонша жылдан берли көриспедик,— деп Зийўар мениң наразылығыма қарамастан, жаңа хожалығының шаңырағын көрсетиўге асықты.

Тазадан қурылған кең көшеден недәўир жүрген соң, салынғанына онша көп болмаса да, дийўаллары унырап, сыбаўлары түсе баслаған жайдың жанына келгенимизде, екеўи елең етип шетирек шықты да, әллеңәрселер ҳаққында сыбырласты. Соң шеке сақал қалталарының бәрин биримлеп ақтарып, ийнинин қысты да Зийўардың берген бес сомын алып, зымғайып болды.

Кишкене өжиресине Зийўар баслап кирди. Көрпеше төседи, шамасы кеше салынған, еле жыйналмай төсеклерин жалғыз кәттиң үстине тақлап, кейин мениң алдыма кирлигинен қурағы билинбейтуғын дәстурханын жайды. Сумкадан бир буканка нан, еки балық консервасын алып:

— Медет, бүгин боласаң ғой, асықпасаң аўқат асамыз,—деди.

— Яғ—ой, ҳәзир азмаздан кейин тураман.

Онда шай қояйын.

Мен үндемедим. Қонақ қойдан жуўас болады. Зийўар келип қапталыма отырып алды да, соңғы жаңалықлар туўралы сөйлесип кеттик.

—Туў, Медет, ҳеш өзгермегенсең, айтпақшы, баяғы Гүлжанның қапылғыр, писиңди қуртып кетипти—аў, Адам қапылғандай тракторшыға тийип, өйиппей маңлайым, көрмегенди көре береди екенсең. Ана, мәнтирсек Гүлай бар ғой, сол, мине деген министрдиң келини. Өзиң не қылдың, биреў-миреўди таптың ба?

—Ҳәзирше үйленбейман. Сизлер қашан турмыс қурдыңыз?

—Бир жылдай болып қалды. Ядында шығар, мектептен кейин медучилищеде оқыдым ғой. Сонда мына Әлжан тап болып еди. Әзелинде бул қарамаңлай саўда техникумында оқыйман, деген соң сылқа түсип қармағына илинбесим барма, кейин билсем, бул оңбаған таяғын ийт ғайзаған қассап екен. Соны да аңламаппан, мен ақ көкирек бийшара.

— Сизлер бул жерде кирейге отырыпсызлар ма?— Зийўардың қамсыққанынан гәптиң бағытын бурыўды гөзлеп сорадым.

—О несин сорайсаң. Кирейге турғаннан жаман. Мынаның қалған өжирелери мына үйдеги собылықтың мешел ғаррысы менен көкбет кемпирине қарасльі. Әлжан олардың жалғызы, еркетайы. Мен бул босағадан атлағанымда қанша қыйналғанымды билсең еди.. Азанда ерте турыў, кеш жатыў, Әлжанның дүканынан аўысқан ишек-қарынларды жуўып, писириў. Ана көкбет кемпирдиң шубатылған көйлеклери менен мешел ғаррының диз кийимлерин жуўыў. Туў сорама мен айтпайын. Жүрегим езилип кетеди. Көпке дейин саўап-саўап десип келди. Мен не, саўапты шашыма тағаманба? Ақыры, жәнжеллесип, усы өжирениң есигин көшеден аштырып, басқа шықтық. Ҳәзир жаман емеспен, шүкир. Емлеўханаға жумысқа кирдим. Үйдиң машқаласы Әлжанның мойнында.

Есиктен еки шийшени қолтықлап, Әлжанның кирип келиўи, Зийўардың аўзына қақпақ болып, қулағыма жеңиллик түсти.

—Өйппей, көпирип отырып, шай қойыўды умытыппан ғой. Ол керогазды түтетип, өжирени түтинге толтырды. Әлжан жайласып отырып, маған қарай бир ыржыйды да:

— Аўа, бизиң қатын азғана умытшақлаў,— деди пышақ пенен нан туўрап, консерва ашыўға киристи..

—Шай қайнайман дегенше, ананы қуйыстырып отырың. —Зийўар сөйлениўи менен дастурханға келди.

Шийшениң аўзын ашып, Әлжан кеселерге толтырып қуйып бөлистирди. Ишпейтуғын кейип билдирдим, лекин Әлжанның қалтыраған қоллары менен, Зийўаргүлдиң жалынышлы көзлери кесени қолыма алыўға мәжбүрледи. Зийўар тост айтты.

— Медет, тойда бола алмадың. Енди сыбағанды мениң ушын, қала берсе, жаңа танысқан қурдасың Әлжан ушын алып қойсаң. Мейли жүрек дүрсилимиз, қадақлар сыңғырлысына хошамет болсын. Усындай отырыса бергеймиз.

—Рахмет. —Бийықтыяр кесениң лебин ерниме тийгизип қойдым. Олар екеўи де суў ишкендей қотарды. Әлжан аўызы-бетин тырыстырып, суўық демин алды да:

— Усы бизиң қатын дым ақыллы сөзлерди табады дә, қалай айтаман,—деп хошамет күткендей маған қарады ҳәм кеселерди қайтадан толтыра баслады. Мениң ишпейтуғынымды сезген екеўи және кеселерин босатты. Өрли-ғурлы нан менен балықты араластырып асап атыр. Маған да алың-алың деседи, бир бөлек нан сындырып, әсте ақырын тислеп отырдым. Екеўи жарысып жеп, еки консерва қутыны демде босатты. Еринлерин сыпырып, арақтан ишти. Әлжан тентиреклеп турып, ғарбызды алып келип, пышақ пенен тең екиге бөлип ҳәммени ҳайран қалдырды. Ғарбыз жүз жуўмаған көк еди.

Оған қарайтуғын Әлжан ба, бир бөлегин мениң алдыма тарс еттирип, Зийўар екеўи екиншисине тийисип кетти. Демде шийшелерди босатып, көк ғарбызды жеп отырған Әлжан маўжырай баслады. Зийўар болса бир асап, бир оғып зорға отыр. Маған әжеп тәуир жеркенишли сезиле баслады. Қайтыўға рухсат сорадым. Мени тыңлағандай ҳеш бириниң ҳалы жоқ.

Рухсатсыз орнымнан турып, есикке жылыстым.

—Қаяққа классласым?

— Қой оны, қапталында айдай Әлжаның барда, маған қара, усы сениң классласың деп қанша пулдан айрылдым. Қел мениң қасыма.

Әлжанның бөлип-бөлип айтқан гәплери маған түсиникли болды. Қалтамнан бес сомлық алып Әлжанға қарай ылақтырдым да туфлийимниң баўын байламастан сыртқа шықтым...

Сәскеде ғана жайнап турған қуяштың жүзин қара бултлар қаплап, аспан түнерип тур. Силпилеп жаўған жаўын бир заманда селлетип қуйды.

Илайым усы жаўын жаңағы «досларымның» үйине кирип-шыққан излеримди жуўып кеткейдә. Әлбетте, жуўады, өйткени жаўын нөсерлеп қуя берди, қуя берди. Олардың екеўи де көк ғарбыздай адамлар еди.

## ЛЫҚ—ЛЫҚ

Жыйналыста бир адам узақ сөз сөйледи. Оның гәпиниң рәмәўзине қарағанда тыңлаўшылардың қурылысшылар екенлигин билиўге болатуғын еди. Ал, сөйлеп турған адамның басқарма баслығы екенин әзелден байқаўымыз шәрт.

— Ихм, жолдаслар! Қурылысшы, яғный ҳәзирги заман қурылысшысы жоқары мәдениятлы, өз исине талапшаң адам болыўы керек. Бизиң арамызда усындайлар бар ма? Бар. Мәселен, мына Пиримбетти алып қарайық. Ол жумысқа баратырғанда я киятырғанда қарасаң, сыртқы пишими тап шет елден келген дипломатлардан кем емес. Мине, өзи де араңызда отыр, бир қарап алың, не деген мәдениятне деген саўлат! Олда тап сизлер қатары жумыс ислейди ҳәм үстине дақ тийгизбейди. Ал сизлер болсаңыз, бир пақса сыбамай атырып-ақ сатмарыңыз шығады. Жумыстан кейин сол кийимиңиз бенен автобусқа отырып, мәдениятлы адамлардың таза кийимлерине ылай сүртесиз. Азадалық жолдаслар, ҳәммениң ўазыйпасы. Мәдениятлы кийиниўден өз жолдасыңыз Пиримбеттен үлги алсаңыз болады...

— Ҳиҳқ, ҳихқ, ҳихқ—деген сес тарады жыйналысқа. Ҳәмме даўыс шыққан тәрепке қарасты. Пиримбет бурыштай қызарып кетти, бирақ баслық оған итибар бермеди.

—Сизлер ылай аслаўдың қапталына жантасып кетсеңиз болды, үсти-басыңыз дағал-дағал боласыз, ал

Пиримбет күнине сегиз саат жай сыбайды ҳәм кийимине шық тамызбайды. Пиримбеттиң өндиристе, жәмийетлик орынларда өзин тутыўын мәдениятлылықтың эталоны деп қараўға болады...

— Ҳихқ, ҳихқ—залдың ишинде баслықтың сөзи менен шыбынның ушқаны ғана еситилетуғын болғанлықтан, бийдәрек лық-лық оғыры турпайы шықты. Пиримбет және қызарды. Баслықтың мәдениятлы деп мақтаўы, оны ермеклеген сыяқлы болып туйылды, лийкин, көп жерде сөз сөйлеп үйренген баслық итибар бермеди.

— Мәдeният, жолдаслар, бул бизге қудайдың қосыўыслап берген сыйы емес, оны өзлеримиз жаратамыз. Мына Пиримбет қусаған азаматларымыз бенен жаратамыз...

— Ҳихқ, ҳихқ, ҳихқ!

Баслық Пиримбетти жаңа көргендей бежирейип қарады.

—Кеширерсиз,-деп орнынан турды Пиримбет,-азанда тура сала жылытпа жеп едим...

Адамлар дуў кулисти. Биреўлери ўарсақыға айланысты.

— Әўели шай-пай ишип алсаң болады ғой.

— Шалбарын үтиклеўден қолы босамаған ғой.

— Мурыныңды қысып, дем алмай отыр, демде жазыласаң.

— Ҳихқ, ҳикх, ҳихқ!

— Тур, шық!—деп жекиринди баслық Пиримбетке, -мәдeният дегенниң де шеги болады. Мақтаған сайын өзиңнен кетесең—ә. Бар, лық-лығыңды басып қайыт!

Пиримбет сүйретилип шығып кетти.

— Деген менен, жолдаслар,—деп даўам етти баслық, —Пиримбеттиң азадалығын мойынлаўымыз керек болады. Мине, усыларды есапқа алып, сизлердиң дыққатыңызға мына усынысымды қоймақшыман. Басқармамызға курортқа дем алып қайтыўшыларға

бир жоллама келген еди, соны усы Пиримбетке берсек қалай көресиз?

Сам-саз отырған адамлар бирден шуўласып сала берди.

— Мен үш жылдан бермаған жолламаға арза берип қойыппан.

—Пиримбет еки қолын қалтасынан шығармай жай сыбайды, кейин таза жүрмей не қылсын? Жумысқа киргени де жақында, жоллама бурыннан ислеп атырғанларға берилсин.

—Пиримбет өндирис алдынгысы емес, тек жылтыраған саўлат.

— Мениң бүйрегимде тас бар, жолламаны маған бериң.

Баслық жолламаның соншама шаўқым көтериўин күтпегенликтен, қандай шешимге келерин билмей қалды. Ол залды шолып, оң қолын көтерип, тынышлық орнатты.

— Дурыс, жолдаслар, Пиримбет жолламаға ылайық өндирис ылғаллысы емес. Бирақ, сизлерге ескертиўди умытыппан, жоллама «лық-лық» аўырыўларын емлейтуғын курортқа еди. Қәне, сизлердиң араңыздан «лық-лық» курортына ким барады?

Журт және сам-саз болып, тап жыназада отырғандай сес шығармады. Баслық биримлеп сорап шықты, қарыйдар табылмады.

— Енди не дейсиз, жолдаслар? Арамызда «лық-лық» тийген Пиримбеттен басқа адам болмаған соң, жолламаны соған беремиз. Басқа илажымыз жоқ, егер еглей берсек жоллама күйип кетеди. Пиримбет курортқа кетемен дегенше, оны коллектив болып тәрбиялаймыз. Ол усы аўылдағы мәденияты менен курортағыларды таңландырыўы лазым. Өйткени, ол жерге хәр жақтан адам жыйналады, Оған «лық-лық» ты да жасырып айтыўды үйретиўимиз керек. Ақыры, пәлен номерли қурылыс басқармасының адамы хроническийй

«лық-лық» шы деген ат ҳәммемизге де жақсы емес. Ал, яқшы, жыйналыс жабық, ҳәмме жумысқа!

Адамлар дағысқан соң баслық Пиримбетти жекке шақырып алды да:

—Ҳәй, оңбаған, журттың көзинше жети насырымды жерге бүктиң ғой. Мен ғой саған усы жолламаны қалай бериўдиң жолын табалмай, ҳәр жаққа қуйрық таслап турсам, ақымақ! Мә, жолламаны алып, еки ай дем алып қайт. Егер усы жақсылықларымды умытсаң... деп кейип таслады.

— Енди, ақсақал сениң мәжилисиңде еркинсип бир-еки «лық-лық» ата ғойып едим... Шынында, яшуллы, кеўлиңе келседе айтайын мен сениң қуры мақтаў сөзлериңнен қысынып зорға отырдым. Адамды мәдениятлы деп мақтай бересең, мақтай бересең, ал мен уялып баратырман. Ақыры болмады, өзиң шығарып жиберерсең деп, «лық-лық» ата басладым. Шөбиредей сөзбе гәплерден қашып қутылыўдың басқа иләжы болмады, кеширерсең,—деди Пиримбет ыржыйып.

—Ҳаў, ҳаў, сен еле соңдайма едиң?...

Баслық еки қолын қоярға жер табалмады.

## ӨЖЕТ

Мәтирзаның маңлайына питкен жоқары да оқып атырған жалғыз қызы бар. Аманлық болса, ол жарын питкерип, елге «нәҳәп» болып қайтады. Қызы онынншыны тамамлап, пахтада жүргенинде қыздан төмедар талай жигиттиң басы Мәтирзаның өжет минезине урылып, қайтып бетлеместей «сынып» кетти.

Оның бир әрманы қызын оқытыў еди. Соннлықтан қызының «оқымай-ақ, жумыс ислеп сизлерди бағайын» дегенине қарамастан, өзи Ташкентке әкетип, институтқа «өткерип» қайтты. Бирақ, қызын қутлы жерге өз қолынан қондырыў нийети де жоқ емес еди.

—Қызымыз отырып қалатуғын болды, сениң тирсеклигиңнен,—деп қайғырады кемпири анда-санда,—баяғы қызыў пәтте қызды берип жибериў керек еди.

—Отырсаң-ә, былшылдамай! «Қызымды алагөр» деп кимниң дизесиниң арасынан өтейин?—деп кейип таслайды Мәтирза оған.

...Сәрсенбиниң сәтли бир күни үйге әўдийискен үш ғарры кирип келди. «Танымадық» деген дәстүр жоқ, кемпир кеңейтип, дастурхан жайды. Шай-пайдың үстинде олардың жаўшылар екени мәлим болып, Мәтирза қорадағы ақ қошқарды шалып таслады. Аўылдың көтқудалары да шақырылды.

Төрт көз түўел болған соң келгенлердиң жасы үлкени, сипсе сақаллы ғарры сөз баслады:

—Сизде қыз, бизде бала дегендей, тамыр болайық

деп келдик. Мына Халмуратты аты Қумжыққанда танымайтуғын адам жоқ. Усы кисиниң...

Мәтирза болажақ қудасына бир қарап қойды. Ал, Халмурат үндемегейлиге сертлескендей сам-саз.

—Ҳмм, жүдә бәрекелла. Бизге баланың ким екенин, не талап қылатуғынын айтың,—деди Мәтирзаның кәтқудасы.

—Бала қызалақ пенен бирге оқыйды. Екеўи соякта табысып, бир-бирине мақул болған қусайды,—деди сипсе сақал,—биз ата-ананың парызы—балаларға ақ пәтиямызды берип, басын қосып жибериў. Енди, елдиң дәстүри болса, алыс-берисимизди асықпай келисе беремиз.

...Қудалар питимге келискен соң, жазылысып отырысты. Бас қуданың алдына гелле тартылды. Ғаррылар өткен-кеткеннен сөйлесип, ҳәзлести. Бирақ. Халмурат пенен Мәтирза ортаға сөз қоспай, ара-тура бир-бирине қарасып ғана қойысты.

—Япырмай, бала, бир китапта, мына өзимиздиң әтшөк деген қус бар ғой, соның тәрийпин жазыпты. Жақында Мәмбет қарый әнедей айтып берип еди,—деди сөзге шешен, сипсе сақал.

—Ҳаў, бала, әтшөктиң не тәрийпи бар екен?—деди Мәтирзаның кәтқудасы көпшигин шеп қолтығына аўмастырып.

—Баяғыларда бир атақлы бай болыпты. Оның ай десе аўзы бар,күн десе көзи бар қызы бар екен. Бай қызын өз қолынан узатыўды мақсет етеди екен. Бирақ, қыз оның айтқанын қылмай, бир жигит пенен тил табысып, қашып кетипти. Бай ашыўланып қызына терис пәтия берипти де «мениң ондай қызым жоқ, оның аты жоқ» депти. Соннан бери, қыз байғус қусқа айланып, «аты жоқ, аты жоқ» деп шақырып жүре береди-миш.

Сипсе сақалдың сөзине ғаррылар уйып қалды.

—Ырастан-әм, ол бийшара этшөк-этшөк» деп шақырады.

—Сонда «әтшөк-әтшөк» дегени, сол әкесиниң ғарғысы екен-аў, бала. Әтшөкти күнде көрип жүрип, түк итибар бермеймиз. Китапта ҳикмет көп деген...

Келгели берли сөзге қосылмаған Халмурат сөйледи:

— Сол әтшөк деген қус тек бир ай ғана сайрайды, соң жапалаққа айланып кетеди.

— Пай, сен-әм бир жапалақ басқа әтшөк басқа қус ғой,—деди Мәтирза да гәпке араласып.

—Яқ, олай емес, әтшөк пенен жапалақтың түп дәреги бир қус. Ол қурық басқанша әтшөк болып сайрайды, соңынан даўысы қарлығып жапалаққа айланады, —деди Халмурат.

—Дурыс, әтшөк қурық басқанша сайрайды бирақ, ол бул өмирде жапалаққа айланбайды,—деди Мәтирза да қалыспай.

—Айналады,—деди Халмурат.

—Айланбайды.

—Айланады.

—Айланбайды.

Еки қуда қәпелимде әтшөктиң үстинде тирести де қалды. Дастурхан басындағылар екиге бөлинип, бири Мәтирзаны, бири Халмуратты жақлады.

—Ақыры, жапалақ деген қустың да ата теги болыўы керек ғой. Ол әтшөктен шықпаса, қаяқтан шығады?

—Әтшөктиң әкеси—әтшөк, жапалақтың әкеси—жапалақ. Сениңше сонда таўықты түйе таўық туўа ма?

—Яқ, олай емес, әтшөк жапалаққа айланған соң, сайрамайды ҳәм ушалмайды, тек жерде жортып жүре береди—деди Халмурат.

—Әтшөк те, жапалақ та өз алдына сайрайды ҳәм ушады.

— Жапалақ ушпайды,

— Ушады.

— Ушпайды дедим бе, ушпайды.

Кәтқудалар олардың дауына суў бүркиўге ҳәрекет етип еди, бийнәтийже болды. Еки қуда адамның айтқанына қулақ аспай тиресе берди.

—Әтшөктиң палапаны әтшөк болады.

— Соң бәри бир жапалаққа айланады ғой.

—Айланбайды.

—Айланады!

— Ал, айланса турың орныңыздан, көтериң өкшеңизди, сизлерге қыз да жоқ, дуз да жоқ!

—Пай, мениң-әм бир сениң қызыңа уўыз-ийим қурып отыр еди, кетсек кете беремиз. Әтшөк пенен жапалақтың парқына бармайтуғын адамның қызын алмағаным болсын!

— Төбеңе қарап сөйле, жора, мен де тап сендей жапалақтың әкеси әтшөк дейтуғын адамның зүриядына қызымды бермегеним.

Әнедей келисим, әнедей питим усылайынша бузылып, еки қуда тәўеллеге қарамай, бирин-бири қайтып көрместей болып дағысты.

— Мәтирзаның кемпири және жер тоқпақлады:

— Өл, алжыған, өлеғойсаң-о, бир аўыз сөзден қалғанда, о дүньяда иймаыңа от тийермеди? Сен, қақсал, қызымды бахты қара еттиң...

* * *

Мәтирза қызының қашып кеткенин еки ай өткенде еситти. Кемпирине ала умтылғаны бийпайда болды, қайтама, өзине үйреншикли ғарғысын еситти. Бираз, даў-жәнжелден соң екеўиде басылып, қашқан қызын «өлген перзенти» қатарына шығарып қойысты.

Және бир айдан соң Мәтирза Ташкенттен тойға шақыртыў телеграммасын алды. Ол қызының баяғы Халмураттың баласына тийгенлигин билип, ески дықтың аўзы ашылып, кеўилдеги әўелги исик, ириңлесип исип шықты. Ол «өзи жит деген ийтлердиң турқын көрмеўге» ант еткен еди.

— Бар, алжыған бар, бәри бир, жалғызыңнан безип отыра алмайсаң,—деп ғарғанды кемпири.

«Ҳаққыңнан өжет!— дести аўыл адамлары,—баяғыда тирсегинди ҳадалламағанында, үш ярымды алып қалар един. Қыз пақыр қашанғы шыдасын, мине, аўзыңа да ылай сүйкеп кетти. Енди әтшөгиңниң де, жапалағыңның да қуйрығын жула бер. Өжетлигиңнен жүзиңе жан бетлемеген соң, қызыңның қашып қутылғаны жақсы болды»...

Мәтирза шақырыў телеграммасын жыртып таслағаны менен той шамаласқан сайын тақатсызлана берди. Перзент деген улыўма ата-аналарға тән дәрт оның жүрек-баўырын езип жиберди де той күни Ташкентке қалай келгенин өзи де билмей қалды. Таксиге отырып, студентлердиң үйлениў тойы өтетуғын «Жаслық» кофесиниң алдында түсип қалып, тап беташар басланғанда тойхананың есигин ашты. Қатара дизилген столлардың арғы басында отырған Халмурат өрре турып, той тоқтады.

Қудалар бир-бирине жаў қарас пенен тигилисти. Әдеўирге созылған тым-тырыслықты бузыўға ҳеш қайсысының мәртлиги жетпеди. Мәтирзаның көзи ақ қуўдай кийинген қызы менен саўлатлы күйеў баласына түсти. Қыздың нәзеринен «аға, мен бахытлыман, маған рухсат бер» дегендей сезимлерди оқыў ушын тек ата болып көриў керек еди...

Мәтирза жай басып, қудасына жақынласты ҳәм сол ўақытлары усынылған Халмураттың қолынан алды.

Зал гүўлеп, шампанлар атылды. Той қайтадан басланды. Мәтирза столға —қудасының қасына жайғасты, бирақ, олар жөнли аман-есенлик сораспады. Томсырайып отырыўды нақолай көрди ме, Халмурат сөз баслады:

— Қуда, самолет пенен Қызыл қумды кесип өтип келген шығарсыз?

— Аўа, қызыл ма, сары ма, билмеймен, әйтеўир қудайдың көп қумының үстинен өттик,—деди Мәтирза-да сөйлеўге ыңғайласып.

— Сол бизиң Нөкистен басланатуғын Қызыл қум ғой.

— Пай, сен-әм бир, мен айтып отырман ғой, жолда қызыл-пызыл қум көрмедим, гилкий сары қумлар жатқан екен.

— Соны Қызыл қум дейди.

— Сары қум ғой.

— Қызыл қум!

— Сары қум!

— Қызыл!

— Сары!

Олардың даўысы қатты шығып, той және тоқтады. Жаслар еки ғаррының тартысына араласа алмай, сазырайысып қалысты.

— Яқшы,— деди Халмурат,— баяғыда әтшөктиң палапаны әтшөк деп күйдирип едиң, енди Қызыл қумды, сары қум деп атырсаң. Мына бир шетке шығып, анықлайық.

— Жүр,— деди урысатуғын адамдай Мәтирза,— усы сеннен қалсам, қудайдың шеп көзине илингеним. Өзиңниң әтшөк қартайса, жапалақ болады дегенин аздай, бүгин көзим менен көрген сары қумды қызыл қум деп отырсаң. Бирақ, сен ўадырлап, балаларға мешайыт етпе,—деди Мәтирза қудасының қолынан услап.

Олар оңашаға шығып кетти ҳәм азанға дейин комсомол тойына қатнаспады.

...Еки қуда аўылға бир самолетқа минип қайтты. Ҳәзир олардың барыс-келиси жаман емес, бирақ, еше-йин нәрсениң үстинде тиресип қала беретуғыны бар-дә.

---

## МАЗМУНЫ


| | бети |
|---|---|
| Гәпке қайым адам | 3 |
| Ботинка | 9 |
| Әзозул | 13 |
| Орынлы өтинишлерим | 18 |
| Туўылған күним | 22 |
| Өгиздиң мийи | 25 |
| Сойлақ | 31 |
| Соқыр ишек | 36 |
| Бойдақ | 41 |
| Қәўендерлик | 47 |
| Бир муҳаббат тарийхы | 51 |
| Түслик | 54 |
| Көк ғарбыз | 58 |
| Лық-лық | 63 |
| Өжет | 67 |

На каракалпакском языке

Оразбай АБДУРАХМАНОВ

ИСТОРИЯ ОДНОЙ ЛЮБВИ

(Сатирические рассказы)

Издательство «Қаракалпакстан».

Нукус—1978

Редактор **Т. Нажимов.**
**Художник К. Нажимов**
Худ редактор **Б. Ещанов.**
Тех. редактор **З. Алламуратов.**
Корректор **Клышева Л.**

ИБ. 4.96

---

Териўге берилген ўақты 3/VI-1978-жыл. Басыўға рухсат етилген ўақыты 15/VI-78ж. **Қағаз форматы 70x108 1/32 Көлеми 2,375 баспа табақ 3,32 шәртли баспа табақ 3,35 есап баспа табақ. РК 30080. Тиражы 7000 Бахасы 30т.**

«Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9

---

ҚҚАССР Министрлер советиниң Баспа полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының «Правда»ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. Заказ 99.

**«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН» БАСПАСЫ 1978-ЖЫЛ ТӨМЕНДЕГИ КИТАПЛАРДЫ БАСЫП ШЫҒАРАДЫ:**

Аймухамедова Б. Шофер қыздың дәптери. Тиражы 7000
Атажанов А. Атамәкан. Тиражы 7000
**Коллектив** Жаслық. Тиражы 5000
**Назбергенов. Қ.** Таныс жол. Тиражы 7000.
**Султанов А.** Аквариум. Тиражы 7000.
**Чехов А. П.** Ванька. Тиражы 7000
**Перро Ш.** Етикли пышық. Тиражы 7000.
**Бегжанов Қ.** Майды ким төкти. Тиражы 7000.
**СССР Халық ертеклеринен.** Ақыллы қыз. Тиражы 7000
**Зуннунова С.** Костер. Тиражы 7000.

**БУЛ КИТАПЛАРДЫ АЛЫП ОҚЫҢ, ДОСЛАР!**